




DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT
2014

Pamekar Diajar **BASA SUNDA**

Pikeun Murid SD/MI Kelas I

KURIKULUM 2013





Pamekar Diajar **BASA SUNDA** Pikeun Murid SD/MI Kelas I

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat
Ditangtayungan ku Undang-undang

Disklaimer: Ieu buku téh diajangeun pikeun murid dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

PANYUSUN:

Tatang Sumarsono
Ahmad Hadi
Ano Karsana
Asep Ruhimat
Darpan
Dede Kosasih
H. Dingding Haerudin
H. Yayat Sudaryat
Risnawati

PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.
Drs. H. Elin Syamsuri
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.
Budi Riyanto

Rarancang Eusi: Yoshi Sukadar

Rarancang Jilid: Yoshi Sukadar

Rarancang Gambar: Toto

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3
Aksara ngagunakeun Arial 12 pt - 18 pt.

Dipedalkeun ku:

DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

ISBN: 978-602-1300-00-8 (Jilid Lengkap)
978-602-1300-01-5 (Jilid 1)

Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)



Pangbagéa

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan impleméntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun téh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Éta téh mangrupa bagian tina pakét Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daérah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanés mung buku wungkul bagian éta Permendikbud téh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daérah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daérah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tétéla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah éta unsur anu tilu téh bisa disebut kompetensi.

Kalungguhan guru dina posisi agén parobahan utama enggoning ngaimpleméntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotésis basajan, saupami guru kagungan kompetensi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gé kalebet guru basa daérah deuih,



tinangtos éta kurikulum bakal tiasa diimplementasikeun kalawan merenah. Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompetensi guru téh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarékah anu kedah kénging pangajén.

Muga-muga waé harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplementasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.

Bandung, Desember 2013

Kepala Dinas Pendidikan

Provinsi Jawa Barat,



Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA

Pembina Utama Madya

NIP. 19570807 198601 1 001





Pangbagéa

KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *standar kompetensi lulusan, standar isi, standar prosés, sareng standar penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar téh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.



Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013
Kepala Balai Pengembangan
Bahasa Daerah dan Kesenian,



Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.

Pembina Tk. I

NIP. 196110051986031014





Panganteur

Anu keur disanghareupan ku hidep téh buku Pamekar Diajar Basa Sunda. Ieu buku diajangkeun pikeun sakumna murid di Jawa Barat, jadi buku babon pikeun pangajaran basa Sunda. Kabéhna téh aya 12 buku, hasil gawé tim panyusun anu meunang pancén ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Jilid I tepi ka VI pikeun murid SD/MI, jilid VII tepi ka IX pikeun murid SMP/MTs, jeung jilid X tepi ka XII pikeun murid SMA/SMK/MA/MAK.

Medalna ieu buku téh pikeun méré lahan ka sakumna murid anu diajar basa Sunda, kalawan harepan hidep sakabéh enya-nya ngamangpaatkeun. Ku diajar basa Sunda tina ieu buku, dipiharep kanyaho jeung kabisa hidep dina ngagunakeun basa Sunda bisa ningkat jeung nambahan. Lian ti éta, hidep jadi leuwih resep ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Éta mah naha di sakola, di lingkungan kulawarga, atawa di tempat ulin.

Meureun ti antara hidep aya nu tumanya, naha maké kudu diajar basa Sunda sagala? Naha naon gunana atuh? Jih, pangna diajarkeun di sakola ogé éta téh ku sabab loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé. Anu paling karasa upamana waé urang bakal bisa komunikasi ku basa Sunda kalawan hadé tur merenah. Loba kauntunganana lamun urang bisa ngagunakeun basa Sunda téh, di antarana waé urang bakal nyaho jeung bisa neuleuman kabeungharan budaya Sunda. Apan budaya Sunda téh jadi bagian penting tina budaya nasional Indonésia. Salian ti éta, apan hidep di sakola

diwajibkeun diajar basa Sunda. Meureun hidep tumanya deui, naha ari diajar basa Sunda téh babari? Jih, nya babari atuh. Jaba deuih resep.

Bieu gé geus disebutkeun, teu hésé diajar basa Sunda téh, komo deui pikeun urang Sundana sorangan mah. Dalah najan lain keur urang Sunda ogé sarua waé teu hésé. Ku kituna, hidep teu kudu ngarasa seungguh. Ulah tacan gé nanaon geus nyebut horéam. Anu penting mah urangna sing enya-nya, boh enya-nya ngabandungan pedaran ti Ibu/ Bapa Guru, boh enya-nya dina ngapalkeun jeung migawé latihanana. Lian ti éta, kacida hadéna mun hidepo getol maca buku-buku basa Sunda lianna, maca surat kabar jeung majalah anu ngagunakeun basa Sunda, atawa ngabandungan siaran radio jeung televisi dina program basa Sunda. Hal séjénna anu bisa dipigawé ku hidep nyaéta lalajo pagelaran kasenian Sunda.

Cindekna mah, sakali deui rék ditandeskeun, entong ngarasa sieun atawa horéam dina nyanghareupan pangajaran basa Sunda téh. Kapan heueuh babari, jeung matak resep deuih.

Geura ayeuna urang mimitian. *Bismillah*

Bandung, Oktober 2013
Salam ti nu nyusun ieu buku






Daptar Eusi

Pangbagea:

Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat _____	iii
Kepala Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian _____	v

Panganteur _____ vii

pangajaran 1: ngurus diri sorangan _____ 1



a ngaregepkeun carita _____	2
b ngaregepkeun pedaran ngariksa badan _____	3
c ngaregepkeun tembang _____	4
d ngalisankeun jawaban _____	4
e diajar maca 1 _____	5
f nuliskeun aksara 1 _____	6
g diajar maca 2 _____	7
h nuliskeun aksara 2 _____	9
i nuduhkeun gambar _____	9
j diajar maca 3 _____	11
k diajar maca 4 _____	12
l latihan nulis _____	15

pangajaran 2: pangaresep _____ 17



a ngaregepkeun carita _____	18
b ngedalkeun omongan _____	19
c diajar maca 1 _____	20
d nuliskeun aksara _____	21
e diajar maca 2 _____	22
f diajar maca 3 _____	24
g ngunikeun kecap _____	24

h	maca kalimah _____	25
i	latihan ngalengkepan kalimah _____	26
j	latihan nyalin kalimah _____	27
k	nyaritakeun gambar _____	27
l	latihan nuliskeun pangaresep _____	29

pangajaran 3: kagiatan _____ 31



a	ngaregepkeun carita _____	32
b	nyaritakeun kagiatan _____	34
c	diajar maca 1 _____	35
d	ngucapkeun kecap _____	37
e	maca kalimah 1 _____	38
f	latihan ngalengkepan kalimah _____	38
g	diajar maca 2 _____	39
h	maca kalimah 2 _____	40
i	maca bedas _____	41
j	ngedalkeun jawaban _____	42
k	maca paguneman _____	42
l	latihan paguneman _____	44

pangajaran 4: kulawarga _____ 45



a	ngaregepkeun carita _____	46
b	ngabandungan piwuruk _____	49
c	ngajawab pananya _____	51
d	nganggeuskeun kalimah _____	51
e	diajar maca _____	52
f	ngéjah aksara bari nuduhkeun gambarna _____	54
g	ngagalantangkeun kalimah _____	56
h	ngalengkepan kalimah _____	57
i	molahkeun paguneman _____	59
j	maca bedas _____	61
k	nataan kulawarga jeung dulur _____	63
l	nataan kayaan di imah jeung sabudeureunana _____	64



pangajaran 5: pangalaman _____ **65**



a	maca bedas _____	66
b	ngabandungan pedaran pangalaman _____	69
c	nyaritakeun pangalaman _____	70
d	nyaritakeun gambar _____	72
e	ngagalantangeun kalimah pananya _____	75
f	ngalengkepan kalimah ku kecap pananya _____	77
g	nyusun kecap jadi kalimah _____	78
h	mikawanoh istilah tempat _____	79
i	ngalengkepan kalimah ku istilah tempat _____	80
j	nembangkeun pupuh _____	81

pangajaran 6: lingkungan sabudeureun _____ **83**



a	maca bedas _____	84
b	ngabandungan pedaran miara lingkungan _____	87
c	nganggeuskeun kalimah _____	88
d	diajar maca _____	89
f	ngucapkeun kalimah _____	90
g	nyalin kalimah _____	90
h	ngalengkepan kalimah _____	91
i	ngabandungan carita _____	92
j	nyaritakeun kerja bakti _____	94
k	niténan gunana pakakas _____	94
l	ngalengkepan kalimah ku ngaran barang _____	95

pangajaran 7: miara barang jeung mikanyaah sasatoan katut tatangkalan _____ **97**

a	ngaregepkeun tembang _____	98
b	ngabandungan pedaran eusi tembang _____	101





c	ngalengkepan kalimah _____	102
d	nyusun kalimah _____	103
e	nembangkeun pupuh kinanti _____	104
f	ngedalkeun omongan _____	107
g	maca bedas _____	109
h	nerangkeun gambar _____	110
i	nyalin pupuh kana aksara tulis _____	111

pangajaran 8: kajadian alam _____ 113





a	maca bedas _____	114
b	ngabandungan pedaran kajadian alam _____	116
c	ngedalkeun omongan nu patali jeung peristiwa alam _____	117
d	maca dina jero haté _____	118
e	ngalengkepan kalimah _____	121
f	nyusun kalimah _____	122
g	ngagalantangkeun kalimah _____	122
h	ngapalkeun kaayaan _____	123
i	metakeun paguneman _____	124
j	nembangkeun pupuh _____	125

daptar pustaka _____ 127

Pengajaran

1

ngurus
diri sorangan





ngaregepkeun carita

(Dibaca Ku Ibu/Bapa Guru)

aa budak apik



aa budak apik
a-a bu-dak a-pik
tara poho mandi
ta-ra po-ho man-di
sok maké sabun
sok ma-ké sa-bun
mandi isuk soré
man-di i-suk so-ré

sasarap saban isuk
sa-sa-rap sa-ban i-suk
lamun arék sakola
la-mun a-rék sa-ko-la
aa pasti pamitan
a-a pas-ti pa-mit-an
ka ibu katut ka apa
ka i-bu ka-tut ka a-pa





Ngaregepkeun pedaran ngariksa badan

(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Tuh nya, Aa téh apan sakitu apikna. Aa téh ngaran sabenerna mah Tisna. Disebut Aa sotéh ku adina. Ari adi Aa ngaranna Jayadi. Sok disebut li.

Sarua hidep ogé kudu apik. Kudu bisa ngariksa sakujur badan, supaya hirup séhat. Ngariksa badan téh jadi kawajiban urang. Kudu apik deuih dina dahar. Nya kitu deui kudu apik dina ngurus tempat urang matuh.

Geura urang baca bagian tuluyna. Pék ku hidep bandungan, terus turutan sakur anu dilisankeun ku Ibu/Bapa Guru. Engké ogé hidep tangtu bakal bisa macana, asal diajarna sing getol.

1. huntu kudu dikosok
hun-tu ku-du di-ko-sok
2. mandi sapoé dua kali
man-di sa-po-é du-a ka-li
3. kuku ulah sina kalotor
ku-ku u-lah si-na ka-lo-tor
4. kadé ulah sok dahar lada
ka-dé u-lah sok da-har la-da
5. jandéla kamar kudu dibuka
jan-dé-la ka-mar ku-du di-bu-ka



ngaregepkeun tembang

(ditembangkeun ku Ibu/Bapa Guru)

Sok regepkeun

kadé poho hirup kudu muji sukur
sabab badan séhat
ulah jorok kudu apik
saban poé pék urus sakujur badan



ngalisankeun jawaban

(paréntahna dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Sok jawab

1. budak nu kumaha ari aa téh
2. sok kumaha aa méméh ka sakola
3. sok iraha aa mandina téh
4. naha ari huntu kudu dikosok
5. naha mandi kudu maké sabun
6. bakal kumaha mun kuku kotor
7. naha ulah sok dahar anu lada
8. jandéla kamar naha kudu dibuka
9. naha hirup maké kudu muji sukur
10. kudu kumaha ari dina saban poé téh




diajar maca 1

(dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Yu urang maca

a



a-a
aa
a-a

p




a-p-a
a-pa
apa
a-pa
a-p-a

i



i-i
ii
i-i


b



i-b-i
i-bi
ibi
i-bi
i-b-i

u

u-u
uu
u-u




m

m-u-m-u
mu-mu
mumu
mu-mu
m-u-m-u




é

é-m-i
é-mi
émi
é-mi
é-m-i



n

n-i-n-a
ni-na
nina
ni-na
n-i-n-a




o

o-n-i
o-ni
oni
o-ni
o-n-i



d

d-a-n-i
da-ni
dani
da-ni
d-a-n-i



nuliskeun aksara 1

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Yu urang nulis

Anu bieu dibaca téh bisa ditulis ku hidep. Ditulisna ku aksara tulis. Geura ku Ibu/Bapa Guru dicontoan cara nulisna. Pék ku hidep turutan. Nulisna mah dina buku tulis waé.

6

Pamekar Diajar **Basa Sunda**
Pikeun Murid SD/MI Kelas I

a – <i>a</i> → aa	i – <i>i</i> → ii
u – <i>u</i> → uu	p – <i>p</i> → apa
b – <i>b</i> → ibi	m – <i>m</i> → mumu
é – <i>é</i> → émi	o – <i>o</i> → oni
d – <i>d</i> → dani	
épi → épi	umi → umi
ido → ido	bani → bani
mida → mida	dudi → dudi
péni → péni	mini → mini
médi →édi	



diajar maca 2

(dituyun ku ibu/bapa guru)
Yu urang maca

Urang teruskeun diajar macana. Hidep kudu bisa maca aksara séjénna.



Pamekar Diajar **Basa Sunda**
Pikeun Murid SD/MI Kelas I



b

b-i-m-a
bi-ma
bima
bi-ma
b-i-m-a

m

m-é-j-a
mé-ja
méja
mé-ja
m-é-j-a

p

p-a-l-u
pa-lu
palu
pa-lu
p-a-l-u

d

d-a-s-i
da-si
dasi
da-si
d-a-s-i

k

k-u-p-a
ku-pa
kupa
ku-pa
k-u-p-a

n

n-a-k-o
na-ko
nako
na-ko
n-a-k-o

h

h-a-l-u
ha-lu
halu
ha-lu
h-a-l-u

j

j-a-r-a
ja-ra
jara
ja-ra
j-a-r-a

l

l-a-j-a
la-ja
laja
la-ja
l-a-j-a

r

r-o-t-i
ro-ti
roti
ro-ti
r-o-t-i

s

s-a-t-é
sa-té
saté
sa-té
s-a-t-é

t

t-o-p-i
to-pi
topi
to-pi
t-o-p-i



nuliskeun aksara 2

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Yu urang nulis

Kieu ari nulisna téh

p – *p* → *palu*

b – *b* → *bima*

m – *m* → *méja*

d – *d* → *dasi*

n – *n* → *nako*

k – *k* → *kupa*

l – *l* → *laja*

h – *h* → *halu*

j – *j* → *jara*

r – *r* → *roti*

s – *s* → *saté*

t – *t* → *topi*



nuduhkeun gambar

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Sok tuduhkeun gambarna





Titénan ieu gambar di handap. Terus ku hidep tuduhkeun. Bagilir waé sakali séwang.



Pamekar Diajar **Basa Sunda**
Pikeun Murid SD/MI Kelas I



9



1. mana ari palu
2. mana ari méja
3. mana ari nako
4. mana ari saté
5. mana ari roti

6. mana ari bima
7. mana ari dasi
8. mana ari topi
9. mana ari halu



diajar maca 3

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Yu urang maca



a-b-o-n
a-bon
abon
a-bon
a-b-o-n



a-r-i-t
a-rit
arit
a-rit
a-r-i-t

i-m-a-h
i-mah
imah
i-mah
i-m-a-h

a-s-i-n
a-sin
asin
a-sin
a-s-i-n

o-p-a-t
o-pat
opat
o-pat
o-p-a-t

a-m-i-t
a-mit
amit
a-mit
a-m-i-t

i-m-u-t
i-mut
imut
i-mut
i-m-u-t

a-d-i-l
a-dil
adil
a-dil
a-d-i-l

u-b-a-r
u-bar
ubar
u-bar
u-b-a-r

u-d-a-r
u-dar
udar
u-dar
u-d-a-r


u-s-a-p
u-sap
usap
u-sap
u-s-a-p




diajar maca 4

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

j-i-d-a-r
ji-dar
jidar
ji-dar
j-i-d-a-r



k-a-p-u-r
ka-pur
kapur
ka-pur
k-a-p-u-r



da-har
dahar

sa-bar
sabar

ba-ham
baham

mi-kir
mikir

ki-rim
kirim

di-kir
dikir

du-lur
dulur

su-bur
subur

ju-kut
juket

mé-sér
mésér

bé-rés
bérés

lé-bér
lébér



k-o-r-s-i
kor-si
korsi
kor-si
k-o-r-s-i



l-a-m-p-u
lam-pu
lampu
lam-pu
l-a-m-p-u

jal-ma
jalma


man-di
mandi

ran-du
randu

kom-pa
kompa

ban-tu
bantu

bon-du
bondu



k-a-i
ka-i
kai
ka-i
k-a-i



b-é-o
bé-o
béo
bé-o
b-é-o

ba-é
baé
li-a
lia

po-é
poé
dé-a
déa

sa-é
saé
ni-a
nia

ra-i
rai

ma-é
maé

ki-a
kia



k-a-l-a-p-a
ka-la-pa
kalapa
ka-la-pa
k-a-l-a-p-a



l-o-m-a-r-i
lo-ma-ri
lomari
lo-ma-ri
l-o-m-a-r-i

sa-pa-tu
sapatu
harita
ha-ri-ta

sa-ko-la
sakola
pamali
pa-ma-li

ka-ma-ri
kamari
tarajé
ta-ra-jé

ja-pa-ti
japati

so-ra-bi
sorabi

ba-da-mi
badami



j-a-n-d-é-l-a
jan-dé-la
jandéla
jan-dé-la
j-a-n-d-é-l-a



l-a-n-t-é-r-a
lan-té-ra
lantéra
lan-té-ra
l-a-n-t-é-r-a



k-o-r-o-p-a-k
ko-ro-pak
koropak
ko-ro-pak
k-o-r-o-p-a-k



t-i-k-u-k-u-r
ti-ku-kur
tikukur
ti-ku-kur
t-i-k-u-k-u-r

k-a-s-i-n-t-u
ka-sin-tu
kasintu
ka-sin-tu
k-a-s-i-n-t-u



k-u-l-a-m-b-u
ku-lam-bu
kulambu
ku-lam-bu
k-u-l-a-m-b-u



latihan nulis

Pék tulis ku hidep

1. ulah loba jajan

2. mandi dua kali



3. hirup kudu apik

4. ulah dahar lada

5. apik pasti séhat

6. dibaju kudu rapih

7. kuku ulah kalotor

8. kadé poho sasarap

9. huntu kudu dikosok

10. séhat jasmani rohani





ngaregepkeun carita


(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Sok regepkeun ieu carita

Ibu Bapa Guru badé maca. Pék ku hidep regepkeun. Terus turutan kumaha cara macana. Hayu geura urang mimitian.

resep miara sato

japati sajodo boga tisna
ja-pa-ti sa-jo-do bo-ga tis-na
dikukut ti anakna kénéh
di-ku-kut ti a-nak-na ké-néh
asalna mah tacan bisa hiber
a-sal-na mah ta-can bi-sa hi-ber
anak japati disebut piyik
a-nak ja-pa-ti di-se-but pi-yik



sato séjénna ogé dikukut
sa-to sé-jén-na o-gé di-ku-kut
kelenci paméré ti komar
ke-len-ci pa-mé-ré ti ko-mar
sarua éta ogé aya sajodo
sa-ru-a é-ta o-gé a-ya sa-jo-do
ari warna buluna barodas
a-ri war-na bu-lu-na ba-ro-das

karesep tisna miara sato
ka-re-sep tis-na mi-a-ra sa-to
diurus mani tulatén pisan
di-u-rus ma-ni tu-la-tén pi-san
tara tepi ka elat maraban
ta-ra te-pi ka e-lat ma-ra-ban
sabab bisi matak jadi dosa
sa-bab bi-si ma-tak ja-di do-sa



ngedalkeun omongan

(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Kitu tah karesep Tisna téh. Resep kana sato bari getén miarana. Tisna miara japati sajodo ti anakna kénéh. Sajaba japati, kelenci ogé dipiara. Tara elat maraban. Lamun miarana teu bener matak jadi dosa éta téh.

Pék ayeuna mah ku hidep jawab.

1. miara sato naon waé tisna téh
2. ari anak japati disebut naon
3. hidep apal naon ari parab japati



4. kelenci tisna téh paméré ti saha
5. kumaha ari warna buluna
6. naon maksudna sajodo téh
7. kumaha tisna téh miara satona
8. matak jadi kumaha mun elat maraban

Hidep ogé pasti boga karesep. Da apan kitu dina hirup mah, najan karesep saban jalma sok béda. Misalna aya nu resep tumpak sapéda, aya nu resep maca.

1. naon ari karesep hidep
2. ti iraha mimiti resepna
3. kumaha ari carana
4. di mana ari tempatna
5. saha sobat hidep nu sarua resep

diajar maca 1

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)



e

e-m-u-r
e-mur
emur
e-mur
e-m-u-r




p

p-e-t-i
pe-ti
peti
pe-ti
p-e-t-i



g

s-u-g-u
su-gu
sugu
su-gu
s-u-g-u




c

c-a-u
ca-u
cau
ca-u
c-a-u



w

s-a-w-a-h
sa-wah
sawah
sa-wah
s-a-w-a-h



y

k-u-y-a
ku-ya
kuya
ku-ya
k-u-y-a

nuliskeun aksara

e – e	→	elap	bekel	bener
g – g	→	gula	ligar	badag
c – c	→	cuka	pacul	lancar
w – w	→	wani	lawon	cewaw
y – y	→	yakin	layar	lempay




diajar maca 2

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)




s-e-n-d-a-l
sen-dal
sendal
sen-dal
s-e-n-d-a-l



l-a-n-c-a-h
lan-cah
lancah
lan-cah
l-a-n-c-a-h

k-u-é-h
ku-éh
kuéh
ku-éh
k-u-é-h



k-a-o-s
ka-os
kaos
ka-os
k-a-o-s





a-m-b-u
am-bu
ambu
am-bu
a-m-b-u



é-r-n-i
ér-ni
érni
ér-ni
é-r-n-i



é-n-t-o-g
én-tog
éntog
én-tog
é-n-t-o-g



u-n-c-a-l
un-cal
uncal
un-cal
u-n-c-a-l



diajar maca 3

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

p-i-a-l-a	r-a-d-i-o	a-k-s-a-r-a	a-r-i-m-b-i
pi-a-la	ra-di-o	ak-sa-ra	a-rim-bi
piala	radio	aksara	arimbi
pi-a-la	ra-di-o	ak-sa-ra	a-rim-bi
p-i-a-l-a	r-a-d-i-o	a-k-s-a-r-a	a-r-i-m-b-i

k-i-l-o-a-n

ki-lo-an

kiloan

ki-lo-an

k-i-l-o-a-n

k-a-r-a-m-b-a

ka-ram-ba

karamba

ka-ram-ba

k-a-r-a-m-b-a

t-a-r-u-m-pa-h

ta-rum-pah

tarumpah

ta-rum-pah

t-a-r-u-m-pa-h

k-o-m-p-u-t-e-r

kom-pu-ter

komputer

kom-pu-ter

k-o-m-p-u-t-e-r



ngunikeun kecap

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

1. kéré

2. hésé

1. keré

2. gedé

1. resep

2. sereg

3. kédé
4. lélé
5. béké

3. peré
4. sebé
5. lebé

3. lemes
4. bener
5. kesed

maca kalimah (Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

1. **poé – moé**

isukan poé kemis
wanti moé anduk

2. **paku – maku**

suku kacugak paku
maku panto lomari

3. **pacul – macul**

nambut pacul sakedap
patani macul di sawah

4. **témbok – némbok**

témbok pabrik rempag
semén dipaké némbok

5. **baju – dibaju**

maké baju lebaran
ato dibaju seragam

6. **loték – diloték**

sudaryat dahar loték
kacambah sok diloték

7. **liwet - diliwet**

liwet asak sapanci
béas arék diliwet

8. **konci - dikonci**

konci motor ragrag
panto garasi dikonci



latihan ngalengkepan kalimah

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

conto:

1. pager

sisi _____ sakola

sisi pager sakola

2. dikonci

panto arék _____

panto arek dikonci

1. macul

toha dititah _____

1. ditopi

maman _____ biru

2. témbok

calik dina _____

2. digambar

laut _____ ku yati

3. palu

dina peti aya _____

3. salé

yanto dahar _____ cau

4. moé

dadan _____ sapatu

4. dikompa

ban kempés rék _____

5. pabrik

digawé di _____ roti

5. gepuk

anu botram mekel _____



latihan nyalin kalimah

Pék ku hidep salin kana aksara tulis.

1. harga bénsin mahal _____
2. sendal kénca yahya _____
3. tanduk domba garut _____
4. pérah bedog coplok _____
5. nambul kornét pelem _____
6. huntu landak méncos _____
7. cunduk waktos magrib _____
8. nambut séndok témbok _____



nyaritakeun gambar

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)


Urang geus mikawanoh Tisna anu resep miara sasatoan. Tah ayeuna hayu urang mikawanoh Nastiti jeung Koswara. Nastiti karesepna ngurus taman hareupeun imahna. Di taman loba tangkal kembang. Saban poé ku Nastiti sok dicebor. Kembangna sok dipetikan, terus dipaké papaés dina luhur méja tamu.


Ari Koswara mah karesepna langlayangan. Sok nyieun sorangan, tara meuli. Biasana pasosoré Koswara sok ngapungkeun langlayangan di lapang. Di dinya téh tempat ngumpulna barudak anu ngadon arulin.

Soléh ogé sarua resep kana kaulinan. Soleh mah karesepna téh ulin paparahuan di sisi balong. Sarua Soléh ogé sok nyieun sorangan. Lain paparahuan meunang meuli.

Tah mun Yanti karesepna téh kana ngagambar. Rupa-rupa anu sok digambarna téh. Gambar meunang Yanti sok ditémpélkeun dina majalah dinding di sakola.

Pék ayeuna titénan rupa-rupa gambar anu nyaritakeun Nastiti, Koswara, Soléh, jeung Yanti. Geus kitu pék ku hidep caritakeun.





latihan nuliskeun pangaresep

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Anu dicaritakeun ku hidep téh sobat urang. Tah kitu karesepna téh. Di antara hidep ogé tangtu aya nu sarua karesepna.

Pék ayeuna tulis karesep hidep sorangan. Teu kudu sarua jeung nu séjén. Anu kudu ditulis téh apan karesep hidep. Dina nulisna téh hidep nyebut abdi pikeun diri sorangan.



conto : 1. karesep abdi kana
karesep abdi kana maén bal
2. ari tempatna sok di
ari tempatna sok di lapang

Pigawé kawas conto.

1. abdi resep kana
2. tempatna sok di
3. ari waktuna tabuh
4. biasana dina poé
5. alat anu dipakéna





ngaregepkeun carita

(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Tisna gé sakolana sarua jeung hidep, kelas hiji. Saban indit ka sakola sok nyampeur sobatna, ngaranna Oki. Kitu kagiatan maranéhna saban isuk, kajaba mun sakolana keur peré. Geura urang regepkeun.

indit ka sakola



saban isuk oki disampeur ku tisna
sa-ban i-suk o-ki di-sam-peur ku tis-na
henteu léléda terus indit ka sakola
hen-teu lé-lé-da te-rus in-dit ka sa-ko-la
sok laleumpang lantaran deukeut
sok la-leum-pang lan-ta-ran deu-keut
teu kungsi sapuluh menit ogé nepi
teu kung-si sa-pu-luh me-nit o-gé ne-pi



tara kabeurangan sabab tanginas
ta-ra ka-beu-rang-an sa-bab sok su-hud
komo lamun keur giliran piket mah
ko-mo la-mun keur gi-lir-an pi-ket mah
kudu sasapu meresihan heula kelas
ku-du sa-sa-pu me-re-sih-an heu-la ke-las
kabéh kagiliran saminggu séwang
ka-béh ka-gi-lir-an sa-ming-gu sé-wang



diajar kudu saregep ulah bari heureuy
di-a-jar ku-du sa-re-gep u-lah ba-ri heu-reuy
kitu deui teu meunang ribut garandéng
ki-tu deui teu meu-nang ri-but ga-ran-déng
marotah jeung lulumpatan di jero kelas
ma-ro-tah jeung lu-lum-pat-an di je-ro ke-las
komo silih balédog mah bisi matak cilaka
ko-mo si-lih ba-lé-dog mah bi-si ma-tak ci-la-ka



nyaritakeun kagiatan

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Tah kitu Tisna jeung Oki dina saban isuk téh. Laleumpang bareng indit ka sakola. Tara kungsi kabeurangan.

Di jero kelas ari keur diajar sok saregep. Apan pangajaran ti Ibu/Bapa Guru kudu diregepkeun. Diajar teu meunang bari heureuy atawa malaweung.

Pék ku hidep jawab.

1. saha nu disampeur ku tisna téh
2. naha inditna sok laleumpang
3. naon sababna tara kabeurangan
4. kumaha mun keur kagiliran pikét
5. kumaha ngabagi giliran pikét téh
6. naon sababna diajar kudu saregep
7. naha di kelas teu meunang garandéng
8. naha di kelas ulah silihbalédog

Kumaha ari kagiatan hidep sapopoé? Cing pék ku hidep caritakeun. Carana mah jawab waé pananya anu aya di handap. Tangtu hidep bakal bisa nyaritakeun kagiatan sorangan.

1. tabuh sabaraha hidep ka sakola
2. sok bareng jeung saha ari inditna
3. jauh henteu ti imah ka sakola téh
4. méméh ka kelas sok naon heula

5. terus ka mana bubar ti sakola téh
6. di imah naon waé nu dipigawé
7. iraha hidep ulin jeung babaturan
8. hidep resep kana kaulinan naon



diajar maca 1

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)



eu-r-i-h
eu-rih
eurih
eu-rih
eu-r-i-h



c-a-r-eu-h
ca-reuh
careuh
ca-reuh
c-a-r-eu-h



s-a-m-p-eu
sam-peu
sampeu
sam-peu
s-a-m-p-eu

eu-pan la-uk
eupan lauk

ca-reuh bu-lan
careuh bulan

si-reum a-teul
sireum ateul

sa-sak beu-si
sasak beusi





buah ngora
ng-o-r-a
ngo-ra
ngora
ngo-ra
ng-o-r-a
buah ngora

bango di sawah
b-a-ng-o
ba-ngo
bango
ba-ngo
b-a-ng-o
bango di sawah



angin peuting
a-ngin peu-ting

langit béngras
la-ngit bémg-ras

sayang éngang
sa-yang é-ngang

goréng bawang
go-rémg ba-wang

engkol lémbang
eng-kol lém-bang

kacang panjang
ka-cang pan-jang

ngucapkeun kecap

(Dituyun ku Bapa/Ibu Guru)

Pék ucapkeun sing béntés.



euweuh
eu-weuh

eumeur
eu-meur

eundeur
eun-deur

eunteup
eun-teup

leueur
leu-eur

seueur
seu-eur

keueum
keu-eum

leueut
leu-eut

beureum
beu-reum

seukeut
seu-keut

keuyeup
keu-yeup

peureum
peu-reum

peunteun
peun-teun

geunteul
geun-teul

beunteur
beun-teur

leumpeuh
leum-peuh



angin
a-ngin

langit
la-ngit

suung
su-ung

téang
té-ang

reungit
reu-ngit

ka-wung
ka-wung

munding
mun-ding

bénténg
bén-téng

éngang
é-ngang

bangkong
bang-kong

bingkeng
bing-keng

bangbung
bang-bung

kalangkang
ka-lang-kang
cangkaléng
cang-ka-léng

balingbing
ba-ling-bing
barangbang
ba-rang-bang

e maca kalimah 1

Pék ku hidep baca

1. lebet → tamu piwarang ka lebet
leubeut → balingbing mani leubeut
2. bener → kamari ulangan bener kabéh
beuneur → paré di sawah mimiti beuneur
3. énténg → ah geuning énténg tugas téh
eunteung → eunteung ditunda dina méja
4. hideng → kudu hideng kana pagawéan
hideung → areng warnana tangtu hideung

f latihan ngalengkepan kalimah

Kalimah di handap pék eusian.

1. bener
jalma bener bakal dipercaya

2. seuri
ulah sok sorangan atuh
3. beuneur
awakna leutik tapi
7. bébér
kapal layar di tengah laut
3. hideng
murid kudu kana tugas
8. beubeur
maké ngarah pageuh
4. hideung
irman maké kacapanon
9. létak
pék uyah téh rasana asin
5. séri
pérsib lawan pérsija hasilna
10. leutak
sapatu kotor ku balong



diajar maca 2

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

la-pang ba-lé-dé-sa
lapang balédésa

ma-ké ka-ca-pa-non
maké kacapanon

ca-ha-ya pa-non-po-é
cahaya panonpoé

la-la-jo san-di-wa-ra
lalajo sandiwara

sa-pa-tu o-lah-ra-ga
sapatu olahraga

peu-rah ba-ba-ha-ur
peurah babakaur

war-na ka-tum-bi-ri
warna katumbiri

ké-cap ma-ja-léng-ka
kécap majaléngka

maca kalimah 2 (Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

1. jalan raya sukabumi
ja-lan ra-ya su-ka-bu-mi
2. pabrik tinun majalaya
pab-rik ti-nun ma-ja-la-ya
3. wates lembur kadipatén
wa-tes lem-bur ka-di-pa-tén
4. di kacamatan singaparna
di ka-ca-mat-an si-nga-par-na
5. lapang ménbal gegeraklong
la-pang mén-bal ge-ger-ka-long
6. bénjang ujungberung wétan
bén-jang u-jung-be-rung wé-tan
7. pamayang laut pangandaran
pa-ma-yang la-ut pa-ngan-dar-an
8. kasenian buhun rangkasbitung
ka-se-ni-an bu-hun rang-kas-bi-tung



gunana olahraga



poé ahad di lapang balédésa aya senam
po-é a-had di la-pang ba-lé-dé-sa a-ya se-nam
saméméh tabuh tujuh ogé geus karumpul
sa-mé-méh ta-buh tu-juh o-gé geus ka-rum-pul
maraké baju jeung sapatu paranti olahraga
ma-ra-ké ba-ju jeung sa-pa-tu pa-ran-ti ol-ah-ra-ga
barudak loba nu miluan awéwé jeung lalaki
ba-ru-dak lo-ba nu mi-lu-an a-wé-wé jeung la-la-ki
olahraga téh apan penting pikeun kaséhatan
o-lah-ra-ga téh a-pan pen-ting pi-keun ka-sé-hat-an
salian ti éta urang matak jadi gumbira deuih
sa-li-an ti é-ta u-rang ma-tak ja-di gum-bi-ra deu-ih

guna séjénna pikeun nambahan kawawuhan
gu-na sé-jén-na pi-keun nam-ba-han ka-wa-wuh-an
ngaraketkeun duduluran pikeun silih tulungan
nga-ra-ket-keun du-du-lur-an pi-keun si-lih tu-lung-an

ngedalkeun jawaban

Pék ku hidep jawab.


1. di mana senam poé ahad téh tempatna
2. tabuh sabaraha nu rék senam karumpulna
3. sok maraké naon anu mariluan senam téh
4. naha ari barudak ogé sok miluan senam
5. penting pikeun naon ari olahraga téh
6. mun olahraga naha matak jadi gumbira
7. penting henteu mun urang loba sobat
8. naon waé gunana mun urang loba sobat
9. ari kagiatan hidep sapopoé naon waé
10. di mana tempatna mun hidep olahraga

maca paguneman

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Ieu aya bacaan paguneman. Anu kahiji antra Yanti jeung Sinta.
Anu kadua antara Pandu jeung Irman. Pék ku hidep baca. Sing
alus lentongna.

miluan senam



yanti: hayu ah urang miluan senam

sinta: di mana ari tempat senamna

yanti: di buruan kantor kacamatan

sinta: ari budak meunang miluan kitu

yanti: atuh puguh waé meunang mah

sinta: hayu atuh bisi béakeun tempat

yanti: tapi kudu bébéja heula ka ema

sinta: apan arék bébéja heula ieu ogé

piknik ka ciwidéy

pandu: ari poé ahad kamari ka mana

irman: apan ku uwa diajak ka ciwidéy

pandu: leuh jauh atuh ka ciwidéy mah

irman: tapi matak resep di jalanna ogé

pandu: loba pamandangan éndah tuda



irman: jaba ogé hawana seger deuih
pandu: tangtu sabab daérah pagunungan
irman: hanjakal teu kaburu ka kawah putih



latihan paguneman

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

1. Pék ku hidep petakeun di hareupeun kelas.
2. Dina paguneman 1 tangtukeun heula saha nu jadi Yanti jeung Sinta.
3. Dina paguneman 2 tangtukeun heula saha nu jadi Pandu jeung Irman
4. Kahadé macana sing bener jeung ulah rurusuhan.

Pengajaran

4

kulawarga





ngaregepkeun carita

(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Urang nyaritakeun deui Tisna. Ayeuna mah Tisna jeung lanceuk katut adina. Pék ku hidep regepkeun.

kulawarga tisna




tisna téh budak panengah
tis-na téh bu-dak pa-ne-ngah
boga lanceuk jeung adi
bo-ga lan-ceuk jeung a-di
ratna ngaran lanceuk tisna
rat-na nga-ran lan-ceuk tis-na
ku kolotna sok disebut nyai
ku ko-lot-na sok di-se-but nya-i

adi tisna ngaranna jayadi
a-di tis-na nga-ran-na ja-ya-di
beungeutna nyeplés ka tisna
beu-ngeut-na nyep-lés ka tis-na
ratna téh disebutna cikal
rat-na téh di-se-but-na ci-kal
nyaéta budak panggedéna
nya-é-ta bu-dak pang-ge-dé-na
ari jayadi disebutna bungsu
a-ri ja-ya-di di-se-but-na bung-su
nyaéta budak pangleutikna
nya-é-ta bu-dak pang-leu-tik-na
ratna sakolana kelas genep
rat-na sa-ko-la-na ke-las ge-nep
ari jayadi mah tacan sakola
a-ri ja-ya-di mah ta-can sa-ko-la

tisna sadudulur layeut alakur
tis-na sa-du-du-lur la-yeut a-la-kur
lanceuk kudu ngéléhan ka adi
lan-ceuk ku-du ngé-léh-an ka a-di
daék ngaping bari jadi conto
da-ék nga-ping ba-ri ja-di con-to
jeung ulah sok ngaheureuyan adi
jeung u-lah sok nga-heu-reuy-an a-di

adi ulah ngalawan ka lanceuk
a-di u-lah nga-la-wan ka lan-ceuk
kudu sopan entong bedegong
ku-du so-pan en-tong be-de-gong



tah kumaha ari ka indung bapa
tah ku-ma-ha a-ri ka in-dung ba-pa
sakur naséhatna wajib diturut
sa-kur na-sé-hat-na wa-jib di-tu-rut
pikeun tuduh jalan kahadéan
pi-keun tu-duh ja-lan ka-ha-dé-an
ulah mungpang kana piwarang
u-lah mung-pang ka-na pi-wa-rang
komo mun wani nyentak mah
ko-mo mun wa-ni nyen-tak mah
sangkan salamet dunya ahérat
sang-kan sa-la-met du-nya a-hé-rat

ngabandungan piwuruk

(Dicaritakeun ku Ibu/Bapa Guru)

Tisna téh budak panengah ti tilu sadulur. Maksudna budak nomer dua. Boga lanceuk ngaranna Ratna, jeung boga adi ngarann Jayadi. Éta tilu sadulur téh putrana Ibu Néngsih jeung Bapa Rusmana.

Ratna téh ku kolotna sok disebut Nyai. Karesepna kana nyanyi. Ratna sakolana geus kelas genep. Ari adi Tisna ngaranna Jayadi. Nénéhna sok disebut li. Rupana mani sarua jeung Tisna. Ari Jayadi mah tacan sakola.

Ratna téh disebutna anak cikal. Maksudna budak panggedéna. Jayadi disebutna anak bungsu. Maksudna budak anu pangleutikna.



Tisna sadudulur layeut jeung alakur. Lanceuk kudu ngéléhan ka adi. Daék ngaping tur jadi picontoeun. Lanceuk ulah sok ngaheureuyan adi. Kitu deui adi ogé ulah ngalawan jeung maséaan lanceuk. Ulah bedegong atawa mawa karep sorangan.

Tisna ka dulurna tara korét. Ka batur sarua tara kitu deuih. Hidep ogé kudu béréhan jeung daék tutulung. Dibarung ku iklas. Jalma nu resep dipuji sok adigung. mun nyarita sok sombong.

Hidep ogé tangtu sarua kitu. Ari jeung dulur teu meunang paséa. Nya jeung batur gé sarua ulah kitu peta. Jalma nu resep paséa téh goréng kacida. Komo mun bari jeung harak atawa resep ngaganggu batur mah. Engkéna moal aya nu daékeun maturan.

Mun hidep jadi lanceuk kudu picontoeun adi. Ulah bangor jeung carékeun. jeung ulah sok ngaheureuyan adi deuih. Malah mun adi ceurik téh kudu gancang sina répéh. Kudu daék ngasuh deuih. Pék ajakan ulin tapi ulah nu matak jadi cilaka.

Upama hidep jadi adi kudu nurut ka lanceuk. ulah sok ngalawan jeung ulah ogoan. Kudu daék mantuan lanceuk deuih. Mun lanceuk keur bébérés ku urang kudu dibantuan. Entong ngadagoan dititah heula. Kudu hideng sorangan.

Alus pisan mun hidep ngapalkeun babarengan. Mun aya soal anu tacan ngarti pék tanyakeun ka lanceuk. Engké ogé ku lanceuk bakal diterangkeun sabisana. Kadé poho hidep ngucapkeun nuhun.

Anu paling penting urang kudu nurut ka indung jeung ka bapa. Naséhat indung bapa téh jadi tuduh jalan kana kahadéan. Urang kudu hormat némbongkeun sopan santun. Ulah sok mungpang atawa ngalawan. Komo mun wani nyentak mah. Apan éta téh kolot urang. Kanyaah indung jeung bapa taya watesna. Sakur piwurukna kudu diregepkeun jeung dipigawé. Éta téh sangkan urang salamet dunya ahérat. Indung jeung bapa tangtu miharep urang jadi budak anu soléh. Di sakola jadi murid anu pinter.



ngajawab pananya

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Pék ku hidep jawab.

1. sabaraha urang dulurna tisna téh?
2. saha anu nyeples pisan ka tisna?
3. naon anu dimaksud anak cikal?
4. naon anu dimaksud anak bungsu?
5. kumaha ari tisna sadudulur téh?
6. kudu kumaha ari lanceuk ka adi?
7. kudu kumaha ari adi ka lanceuk?
8. alus henteu ari jalma korét téh?
9. naséhat saha anu wajib diturut téh?
10. bakal jadi kumaha mun urang nurut?



nganggeuskeun kalimah

Hidep bieu geus ngaregepkeun piwuruk. Pék ayeuna lengkepan kalimah di handap.

1. ari jeung dulur teu meunang
2. budak harak moal aya nu
3. lanceuk kudu bisa méré conto ka



4. ari ka adi urang téh kudu daék

5. lanceuk ulah sok bangor jeung

6. urang ulah ulin anu matak jadi

7. mun lanceuk keur digawé kudu

8. alus pisan mun bisa ngapalkeun

9. mun urang dibantuan kudu nyebut

10. kanyaah indung bapa urang taya



diajar maca

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Hayu urang diajar deui ngéjah aksara.



karesep ratna kana nyanyi

nya-nyi

ny-a-ny-i

nya-nyi

karesep ratna kana nyanyi



ku kolotna sok disebut nyai

nya-i

ny-a-i

nya-i

ku kolotna sok disebut nyai

beungeutna nyeplés ka tisna

nyep-lés

ny-e-p-l-é-s

nyep-lés

beungeutna nyeplés ka tisna

nyaéta budak anu pangleutikna

nya-é-ta

nya-é-t-a

nya-é-ta

nyaéta budak anu pangleutikna

komo mun wani nyentak mah

nyen-tak

ny-e-n-t-a-k

nyen-tak

komo mun wani nyentak mah

sangkan salamet dunya ahérat

du-nya

d-u-ny-a

du-nya

sangkan salamet dunya ahérat



ngéjah aksara bari nuduhkeun gambarna

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Pék éjah terus titénan gambarna.

sapu nyéré

sa-pu nyéré

nyiru leutik

nyi-ru leu-tik

endog penyu

en-dog pe-nyu

sayang rinyuh

sa-yang ri-nyuh

buah konyal

bu-ah ko-nyal

manuk manyar



ma-nuk ma-nyar

sinyal karéta

si-nyal ka-ré-ta

nyiruan nyeureud

nyi-ru-an nyeu-reud



Pék ku hidep tuduhkeun gambarna.

1. mana ari penyu
2. mana ari rinyuh
3. mana ari nyiru
4. mana ari sapu nyéré
5. mana ari buah konyal
6. mana ari manuk manyar
7. mana ari sinyal karéta
8. mana ari sayang nyiruan

ngagalantangkeun kalimah (Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

1. heryana dibawa nyaba ka jampang
2. naséhat indung bapa nyata benerna
3. méméh subuh sartika geus nyaring
4. wulan diajar nyitak kuéh ka bibina
5. kadé atuh éngang téh bisi nyeureud
6. anu gering beungeutna mani kanyos
7. béntang katémbong mani nyéngcélak
8. pendopo téh apan nyanghareup ngalér
9. har naha saha anu nyurungkeun panto
10. mun teu ngarti kudu geuwat nanyakeun



h ngalengkepan kalimah

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

conto: penyu
di basisir aya keur ngendog.
di basisir aya penyu keur ngendog.

1. anyar murid ngaranna wéni
2. nyiru
ranginang dipoé dina
3. nyéré
liang sireum dicolok ku
4. manyar
dina tangkal aya sayang
5. banyol
tong ambek da ieu mah
6. konyal
buah rasana amis haseum
7. rinyuh
anu sok ngaruksak kai téh
8. nyanyi
héрман hareupeun sobatna
9. nyiruan
bapa juhana ngala madu
10. karunya
kudu ka jalma sangsara

conto: carék → nyarék
dokter dahar lada ka pasén.
dokter nyarék dahar lada ka pasén.

1. sugu → nyugu
ahmad keur papan jati
2. sangu → nyangu
ema di dapur
3. conto → nyonto
entong jalma teu bener
4. sépak → nyépak
ido bal ka tengah lapang
5. susun → nyusun
tugas kalimah teu hésé
6. sobat → nyobat
milati jeung kartini mani
7. seupan → nyeupan
wati taleus keur susuguh
8. surung → nyurung
jayadi keur momobilan



molahkeun paguneman

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Pék ku hidep polahkeun di hareupeun kelas.


1. nampi tamu

tamu : badé nepangan ibu

manik : kaleresan ibu nuju aya

tamu : punten atuh pangwartoskeun

manik : mangga diantos heula sakedap



2. nambut barang

tisna : ceuceu abdi badé nambut jidar

ratna : candak waé itu dina luhur méja tulis

tisna : sakantenan deuih sareng patlot
gambarna

ratna : patlot gambar mah disimpen dina laci

tisna : abdi kedah nyerat aksara dina karton

ratna : sok atuh ku ceuceu urang bantuan

tisna : hatur nuhun

3. **dipiwarang ka warung**

aisah : abdi badé ngabantun pesenan ibu

pa udi : oh muhun kamari ibu pesen lauk emas

aisah : sakantenan mésér bawang daun deuih

pa udi : rupina ibu téh badé mais lauk

aisah : sumuhun

pa udi : pais lauk damelan ibu mah sok raos

aisah : apan ibu mah ahli masak

pa udi : engké gé néng aisah bakal ahli geura

aisah : ah abdi mah nuju diajar kénéh



4. **diajakan piknik ku bibi**

bibi éla : énjing urang piknik ka ciater yu

pertiwi : asik abdi badé diajakan piknik

nugraha : abdi ogé hoyong ngiring atuh bibi

bibi éla : muhun nugraha ogé badé diajak

nugraha : abdi mah di ditu téh hoyong ngojay
pertiwi : tapi ngojayna ulah di balong nu jero
bibí éla : nya ulah atuh bisi engké titeuleum
nugraha : badé ngojay di balong nu déét waé
pertiwi : abdi mah badé tumpak kuda
bibí éla : tapi kadé di dituna ulah marotah



maca bedas

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)


Pék ku hidep baca dina jero haté. Geus kitu terus pigawé tugasna.

sesebutan di lingkungan kulawarga



bapa dayat jeung ibu ati boga budak tilu
anu cikal ngaranna manik
anu panengah ngaranna ikbal
ari anu bungsu ngaranna wulan

ikbal jeung wulan ka manik nyebutna ceuceu atawa tétéh
ari wulan ka ikbal nyebutna aa atawa akang
henteu sopan mun ka lanceuk nyebut ngaranna wungkul
hidep ogé kudu kitu nya
ka lanceuk ulah sok nyebut ngaran
kudu nyebut ceu imas atawa téh imas
mun lanceuk urang ngaranna imas
atawa nyebut kang rudi
mun lanceuk urang ngaranna rudi
ka indung kudu nyebut ema atawa ibu
aya deuih nu sok nyebut mamah atawa ambu ogé
ari ka bapa kudu nyebut téh apa atawa bapa
saluhureun indung jeung bapa aya nini jeung aki
ka nini sok aya anu nyebut enin
ari ka aki sok aya nu nyebut engki
sok aya nu nyebut éyang deuih
nini jeung aki téh kolotna indung atawa bapa urang
aya deuih nu disebut emang jeung bibi
éta téh adina indung atawa bapa urang
emang sesebutan keur ka lalaki
ari bibi sesebutan keur ka awéwé
lanceukna indung atawa bapa urang disebutna uwa



nataan kulawarga jeung dulur

(Dituyu ku Ibu/Bapa Guru)

Pék ku hidep tulis.

1. saha ari ngaran ibu hidep
2. saha ari ngaran bapa hidep
3. hidep boga dulur sabaraha urang
4. saha ari ngaran lanceuk hidep
5. saha ari ngaran adi hidep

6. saha ari ngaran nini hidep
7. saha ari ngaran aki hidep
8. saha ari ngaran emang hidep
9. saha ari ngaran bibi hidep
10. saha ari ngaran uwa hidep



nataan kayaan di imah jeung sabudeureunana

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Ayeuna pék tulis kaayaan di imah jeung sabudeureunana.

1. ari imah hidep di mana
2. jauh henteu ka sakola
3. di buruan imah hidep aya naon waé
4. hidep di imah sok migawé naon waé
5. sok di mana ari hidep diajar ngaji
6. hidep resep kana kaulinan naon
7. sok jeung saha waé hidep ulinna
8. di mana éta téh ari tempatna



a maca bedas

Sobat urang téa anu ngaran Tisna diajak nyaba ka lembur akina. pangalaman Tisna matak resep macana. Hayu geura urang baca.

nyaba ka panyirapan



tisna diajakan nyaba ka panyirapan
tis-na di-a-jak-an nya-ba ka pa-nyirap-an
lembur di suku gunung jauh ti kota
lem-bur di su-ku gu-nung ja-uh ti ko-ta
di dinya aya nini jeung akina tisna
di di-nya a-ya ni-ni jeung a-ki-na tis-na
akina tisna ngebon melak palawija
a-ki-na tis-na nge-bon me-lak pa-la-wi-ja

kayaning jagong waluh jeung paria
ka-ya-ning ja-gong wa-luh jeung pa-ri-a
paré ogé melak disebutna ngahuma
pa-ré o-gé me-lak di-se-but-na nga-hu-ma

tatangkalan galedé jeung jarangkung
ta-tang-kal-an ga-le-dé jeung ja-rang-kung
alpuket nangka peuteuy jeung limus
al-pu-ket nang-ka peu-teuy jeung li-mus
sok diarah buahna lamun keur usum
sok di-a-rah bu-ah-na la-mun keur u-sum
mahoni jati jeung surén diarah kaina
ma-ho-ni ja-ti jeung su-rén di-a-rah ka-i-na
kawung sok disadap diarah lahangna
ka-wung sok di-sa-dap di-a-rah la-hang-na
pikeun bahan nyieun gula beureum
pi-keun ba-han nyi-eun gu-la beu-reum



lobana tatangkalan miara sumber cai
lo-ba-na ta-tang-kal-an mi-a-ra sum-ber ca-i
kana hawa ogé jadi beresih tur seger
ka-na ha-wa o-gé ja-di be-re-sih tur se-ger
nambahan éndah kana pamandangan
nam-bah-an én-dah ka-na pa-man-dang-an
béda jeung lahan nu taya tatangkalan
bé-da jeung la-han nu ta-ya ta-tang-kal-an
teu matak betah da hawana nyongkab
teu ma-tak be-tah da ha-wa-na nyong-kab
gampang urug bari sok caah
gam-pang u-rug ba-ri sok ca-ah



tisna betah pisan cicing di panyirapan
tis-na be-tah pi-san ci-cing di pa-nyi-rap-an
akina sok ngadongéng ngeunaan alam
a-ki-na sok nga-do-ngéng ngeu-na-an a-lam

carana ngurus lahan supaya jadi subur
ca-ra-na ngu-rus la-han su-pa-ya ja-di su-bur
hanjakal tisna kudu balik deui ka kota
han-ja-kal tis-na ku-du ba-lik deu-i ka ko-ta
sabab geus téréh waktuna asup sakola
sa-bab geus té-réh wak-tu-na a-sup sa-ko-la
mun aya deui peré tisna rék ka akina
mun a-ya deu-i pe-ré tis-na rék ka a-ki-na



ngabandungan pedaran pangalaman

(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Pék ku hidep bandungan.

Tisna ku uwana diajakan nyaba ka Panyirapan. Lembur di suku gunung anu anggang ti kota. Di dinya téh aya nini jeung akina Tisna. Enya apan Nini Rahmi jeung Aki Suganda téh urang Panyirapan.

Aki Suganda ngebon palawija. Kayaning jagong , waluh, jeung paria. Paré ogé sarua deuih melak, disebutna ngahuma. Melak paréna lain di sawah, tapi di kebon darat/pasir.

Di kebon Aki Suganda loba tangkal galedé jeung jarangkung. Aya anu diarah buahna, aya deuih nu diarah kaina. Anu diarah buahna nyaéta alpuket,angka, peuteuy, jeung limus. Ari anu diarah kaina nyaéta jati, mahoni, jeung surén.

Tatangalan téh nyuburkeun lahan jeung jadi sumber cai. Kana hawa ogé matak jadi beresih deuih. Matak seger nyeuseupna, tur

nambahan éndah pamandangan. Kacida bédana jeung dina lahan anu euweuh tatangkalan. Teu pikabetaheun sabab hawana nyongkab atawa panas bayeungyang. Taneuhna gampang urug. Lamun keur usum hujan sok ngadatangkeun caah.

Tisna mani betaheun pisan salila cicing di Panyirapan téh. Saban poé sok milu ka kebon, najan leumpangna rada jauh. Tisna sok saregep ngabandungan akina ari keur nerangkeun tatangkalan. Kumaha crana ngurus lahan supaya jadi subur. Kanyahona ngeunaan alam jadi nambahan.

Ngan hanjakal Tisna kudu gancang mulang deui ka kota. Di lembur akina téh ukur meunang opat poé. Enya apan kudu asup deui sakola da geus béak peréna. Lamun aya deui peré, Tisna rék ka Panyirapan.

nyaritakeun pangalaman (Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Anu dibaca bieu ku hidep téh pangalaman Tisna salila peré sakola. Tisna téh apan imahna di dayeuh atawa di kota. Ari akina Tisna matuh di lembur anu jauh ti kota. Kaayaan di kota mah ramé, béda jeung di lembur. Tapi najan kitu Tisna ngarasa betah. Hawana seger sabab loba tatangkalan. Kitu deui kaayaan alamna ogé éndah.

Kanyaho Tisna jadi nambahan. Akina nerangkeun rupa-rupa tatangkalan. Loba gunana geuning tatangkalan téh. Miara tatangkalan sarua jeung miara lingkungan. Ngaruksak tatangkalan sarua jeung ngaruksak alam.

Hidep ogé tangtu boga pangalaman anu matak resep. Kumaha tah pangalaman hidep téh? Di mana ari tempatna? Tapi saméméh nyaritakeun éta pangalaman, pék ayeuna ku hidep jawab heula pananya di handap.

1. ka mana tisna téh diajak nyabana
2. saha ari ngaran nini jeung akina tisna téh
3. naon anu dipigawé ku akina tisna
4. tangkal naon waé nu diarah buahna
5. naon waé gunana tatangkalan téh
6. kumaha di tempat nu taya tatangkalan
7. naha kanyaho tisna jadi nambahan
8. naon sababna tisna betaheun di lembur akina
9. naha tisna maké kudu mulang deui ka dayeuh
10. rék kumaha mun engké tisna peré deui sakola

Kitu tah pangalaman Tisna di Panyirapan téh. Pangalaman hidep ogé tangtu matak resep deuih. Éta pangalaman téh pék ku hidep caritakeun, upamana kieu:

1. harita hidep nyaba ka mana
2. di mana éta téh tempatna
3. jeung saha hidep inditna
4. kumaha ari kaayaan di jalanna
5. aya naon waé di tempat anu dituju
6. naon waé anu nyababkeun hidep ngarasa resep
7. meunang oléh-oléh naon hidep ti tempat nyaba
8. naha hidep hayang deui nyaba ka éta tempat

d nyaritakeun gambar

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Ari ieu mah pangalaman Wéndi jeung Yunita waktu keur peré sakola. Wéndi diajakan piknik ka kebon binatang ku lanceukna. Loba sasatoan anu asalna Wéndi teu nyaho. Geuning mani rupa-rupa pisan. Kaasup sasatoan anu geus langka. Di kebon binatang téh aya maung, gajah, banténg, biruang, uncal, jeung rupa-rupa sato lianna.

Ari pangalaman Yunita mah diajakan ka basisir. Pamandangan di sisi laut kacida éndahna. Yunita diajakan tumpak parahu. Saméméh balik Yunita meuli heula barang karajinan tina kerang keur oléh-oléh.

Pangalaman Wéndi jeung Yunita bisa dititénan dina gambar. Kumaha ari kaayaan di kebon binatang, jeung kumaha ari pamandangan di sisi laut. Éta gambar téh pék ku hidep titénan, terus caritakeun. Anu séjén kudu ngabandungan. Bagilir waé sakali séwang.









ngagalantangkeun kalimah pananya

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

ngagunakeun kecap saha

1. yulia rék ngagoréng ulén
saha anu rék ngagoréng ulén téh
2. galih diajar tumpak sapéda
saha nu diajar tumpak sapéda téh
3. wahyu keur ngarang dongéng
saha anu keur ngarang dongéng téh
4. solihin bisaun ngoméan radio
saha anu bisaun ngoméan radio téh
5. kartini pinter ngawihkeun lagu
saha anu pinter ngawihkeun lagu téh
6. gumilang nyepak bal tarik pisan
saha anu nyépak bal tarik pisan téh
7. yusup ngaraut awi keur karajinan
saha anu ngaraut awi keur karajinan téh
8. uje ngadorong mobil lebah tanjakan
saha anu ngadorong mobil lebah tanjakan téh

ngagunakeun kecap naon

1. anduk keur diseuseuh ku nita
naon anu keur diseuseuh ku nita téh
2. suluh rék dibeulahan ku ahmad
naon anu rék dibeulahan ku ahmad téh
3. papan rék dihampelas ku karyana
naon anu rék dihampelas ku karyana téh
4. balong keur dibedahkeun ku pa haji
naon anu keur dibedahkeun ku pa haji téh
5. kompor rék dihurungkeun ku ibu déwi
naon anu rer dihurungkeun ku ibu déwi téh
6. hayam katé keur diparaban ku mang didi
naon anu keur diparaban ku mang didi téh
7. angeun lodéh keur dihaneutkeun ku sartika.
naon anu keur dihaneutkeun ku sartika téh
8. panto gerbang geus dikonci ku bapa satpam
naon anu geus dikonci ku bapa satpam téh



ngalengkepan kalimah ku kecap pananya

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

conto: 1. saha

anu rék miluan kémping
saha anu rék miluan kémping

2. iraha

mimitina puasa romadon téh
iraha mimitina puasa romadon téh

Pigawé kawas conto

1. saha

anu kamari nyébor taman

2. naon

gunana miara lingkungan

3. iraha

mimiti datang usum hujan

4. naha

leuweung entong diruksak

5. kumaha

carana ari melak kalapa

6. sabaraha

urang anu milu wisata

7. di mana

ari tempat upacara bandéra

8. ti iraha

manéhna dagang rujak cuka

nyusun kecap jadi kalimah

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

conto: sapéda – mardani – boga - mini

mardani

mardani boga sapéda mini

Pigawé kawas conto

1. juara – jadi – penca - ibrahim

ibrahim

2. ngaji – keur – nurjanah - diajar

nurjanah

2. balik – déwi – olahraga – kakara

déwi

4. rék – kostaman – ménbal - latihan

kostaman

5. sedepmalem – melak – tangkal - ria

ria

6. bénsin – iskandar – dititah – dagang
iskandar
7. tukang – lukman – di buruan – sasapu
lukman
8. kuda – balap – resep – héryanti – lalajo
héryanti
9. carita – dina – pantun – purbasari – aya
purbasari
10. getol – sunat – puasa – jamaludin – pisan
jamaludin



h mikawanoh istilah tempat

(Diterangkeun ku Ibu/Bapa Guru)

1. kota
di kota ramé loba ku kendaraan
2. kampung
di kampung gé mani caraang
3. taman
di taman loba anu keur dariuk
4. lapang
murid kumpul di lapang upacara
5. gunung
di bandung kidul aya tilu gunung

6. walungan
entong miceun runtah ka walungan
7. sawah
ayeuna di sawah keur usum panén
8. kebon
kebon engkol di lembang mani lega
9. jurang
leumpang dina sisi jurang matak paur
10. talaga
di sisi talaga réa parahu paranti wisata



ngalengkepan kalimah ku istilah tempat

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Kalimah anu aya di handap pék eusian ku kecap jero kotak. Ku hidep kudu dipilih heula kecap anu merenah.

- | | | |
|-----------|-------------|-----------|
| a. gunung | e. sumur | i. jalan |
| b. jurang | f. walungan | j. talaga |
| c. sawah | g. laut | |
| d. lapang | h. kampung | |

1. paré di térah dipanén
2. sakitu halodo gé teu saat
3. cai di palidna ka hilir



4. hawa di luhur tiris pisan
5. di ciburuy loba wisatawan
6. barudak latihan maénbal di
7. kamari aya mobil tigebrus ka
8. kendaraan di raya mani tararik
9. pamayang ngala lauk di tengah
10. teu kudu éra najan imah di



nembangkeun pupuh

(Dicontoan ku Ibu/Bapa Guru)



Hayu ayeuna mah urang diajar nembang. Pupuhna magatru, nyaritakeun sasatoan. Ku Ibu/Bapa Guru badé dicontoan heula. Pék ku hidep bandungan, terus turutan nembangkeunana.

pupuh magatru



sato galak belang coréléng téh maung
kabeukina dahar daging
mun ngagerem témbong sihung
anu ganggu moal wani
cicingna di leuweung ganggong

ari sato hideung katelahna lutung
dina tangkal resep cicing
gawéna ngan tinggulayun
sakapeung sok cungar cengir
mun pareng aya nu nempo



aya deui sato leutik tapi lucu
ngaranna téh apan bajing
bulu lemes semu hipu
kana bungbuahan beuki
kalapa ngora mah komo



a maca bedas

Pék ku hidep baca.

mimiti usum hujan



usum halodo geus mimiti béak
u-sum ha-lo-do geus mi-mi-ti bé-ak
ayeuna rék nincak ka usum ngijih
a-yeu-na rék nin-cak ka u-sum ngi-jih
langit teu béngras sabab ceudeum
la-ngit teu bég-ras sa-bab ceu-deum
hawa ngadadak jadi bayeungyang
ha-wa nga-da-dak ja-di ba-yeung-yang
henteu kungsi lila ogé breg hujan
hen-teu kung-si lil-a o-gé breg hu-jan
tampolana ngecrek tepi ka peuting
tam-po-la-na ngec-rek te-pi ka peu-ting

hujan téh rahmat pikeun kahirupan
hu-jan téh rah-mat pi-keun ka-hi-rup-an
lahan jadi subur pepelakan teu layu
la-han ja-di su-bur pe-pe-lak-an teu la-yu
sawah atawa kebon bisa dipelakan
sa-wah a-ta-wa ke-bon bi-sa di-pe-lak-an
datangna usum hujan téh matak atoh
da-tang-na u-sum hu-jan téh ma-tak a-toh
sumur nu saat jadi pinuh deui caina
su-mur nu sa-at ja-di pi-nuh deu-i ca-i-na
buruan moal ngebul taneuhna garing
bu-ru-an mo-al nge-bul ta-neuh-na ga-ring
dina usum hujan téh kudu waspada
di-na u-sum hu-jan téh ku-du was-pa-da
sabab sok datang caah anu ngadadak
sa-bab sok da-tang ca-ah a-nu nga-da-dak



solokan reujeung walungan limpas
so-lo-kan reu-jeung wa-lu-ngan lim-pas
lamun ngeueum imah matak ripuh
la-mun ngeu-eum i-mah ma-tak ri-puh
tangkal ogé sok loba anu rungkad
tang-kal o-gé sok lo-ba a-nu rung-kad
matak jadi bahaya lamun ninggang
ma-tak ja-di ba-ha-ya la-mun ning-gang

ayana caah sabab salah urang kénéh
a-ya-na ca-ah sa-bab sa-lah u-rang ké-néh
cai hujan henteu nyerep kana taneuh
ca-i hu-jan hen-teu nye-rep ka-na ta-neuh
atawa lantaran solokan henteu ngamalir
a-ta-wa lan-ta-ran so-lo-kan hen-teu nga-ma-lir
kapengpet ku runtah anu ngahunyud
ka-peng-pet ku run-tah a-nu nga-hu-nyud
urang ulah miceun runtah ka solokan
u-rang u-lah mi-ceun run-tah ka so-lo-kan
apan kitu ceuk dina aturan lingkungan
a-pan ki-tu ceuk di-na a-tur-an ling-kung-an



ngabandungan pedaran miara lingkungan

(Dibaca jeung diterangkeun ku Ibu/Bapa Guru)

Ayeuna geus mimiti usum hujan. Langit mindeng ceudeum. Saméméh asar ogé sok geus breg hujan. Turunna hujan téh matak atoh. Buruan moal ngebul, da taneuhna henteu garing. Sumur ogé bakal pinuh deui caina. Dina usum halodo mah sumur téh loba nu saat.

Hujan téh rahmat pikeun kahirupan. Lahan jadi subur, pepelakan henteu layu. Sawah jeung kebon bisa dipelakan deui ku patani.

Tapi najan kitu, urang angger kudu waspada. Hujan téh bisa nyababkeun caah. Solokan jeung walungan limpas. Imah jeung wawangunan lianna kakeueum. Tangkal kai ogé sok aya nu runkad. Éta téh matak bahaya mun ninggang ka urang.

Datangna caah téh utamana lantaran salah urang kénéh. Cai hujan henteu nyerep kana taneuh. Atawa bisa waé lantaran solokan teu ngalir. Kapengpet ku runtah anu ngahunyud. Padahal ceuk dina aturan, urang teu meunang miceun runtah ka solokan.

Runtah kudu dipiceun kana tempatna. Bisa deuih lamun langsung diduruk ogé. Lobana runtah téh bakal nimbulkeun rupa-rupa kasakit. Jaba deuih matak rujit jeung bau kaambeuna. Loba laleur anu sok nyebarkeun bibit kasakit.

Éta pangna urang wajib miara lingkungan. Ulah miceun runtah sangeunahna. Komo runtah anu matak bahaya mah. Lingkungan anu beresih nyababkeun urang jadi séhat. Jaba deuih katempona asri. Tangtu waé urangna ogé bakal ngarasa betah di tempat anu kitu mah.



nganggeuskeun kalimah

Kalimah anu aya di handap pék anggeuskeun.

1. dina usum hujan langit mindeng
2. ari rék turun hujan hawa robah jadi
3. turunna hujan téh jadi rahmat pikeun
4. dina usum hujan sumur sok pinuh
deui
5. cai hujan kudu sina gancang nyerep
kana
6. solokan jeung walungan teu ngalir
lantaran
7. tangkal kai anu rungkad matak bahaya
lamun
8. ceuk dina aturan urang entong miceun runtah
ka






diajar maca

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Pék ku hidep éjah bari ilikan gambarna.



jangkrik
jang-krik
j-a-ng-k-r-i-k
jang-krik
jangkrik

angklung
ang-klung
a-ng-k-l-u-ng
ang-klung
angklung



semprong
sem-prong
s-e-m-p-r-o-ng
sem-prong
semprong



congkrang
cong-krang
c-o-ng-k-r-a-ng
cong-krang
congkrang



e ngucapkeun kalimah

Pok lisankeun sing jéntré.

1. bapa komar jadi mantri pasar
2. lauk kancra sagedé bitis kolot
3. listrik pareum sapeuting jeput
4. sora jangkrik kalung tarik pisan
5. ngasupkeun baso kana jemblung

f nyalin kalimah

Kalimah anu aya di handap pék salin kana aksara tulis. Ilikan heula contona.

conto: sandra rék daptar ka pasantrén

sandra rék daptar ka pasantrén

1. mantri sastra nyantri pisan
2. sintrong dina lahan gamblung
3. tengah peuting mani jempling
4. baskom dipaké wadah kicimpring
5. tangkal cangkring dina sisi jungkrang

ngalengkepan kalimah

Kalimah nu aya di handap pék ku hidep eusian.

1. bra-bru
ulah miceun runtah di mana waé
2. plak-pluk
jambu aér nu geus asak ragragan
3. bruy-bray
lampu di luhur panggung caraang
4. plus-plos
dagang téh geuning euweuh batian
5. pras-pris
hujan geus mimiti hawa karasa tiris
6. krang-kring
asa ti tatadi telepon kadéngé waé
7. crung-créng
balanja ka toko éta salawasna kudu

8. blung-blung
tutupkeun panto dapur téh ulah kitu.
9. trong-trang
barudak nguah angeun di dapur kadéngé
10. jlung-jleng
anu ngibing bénjang ka jero kalang.



h ngabandungan carita

(Dibaca ku Ibu/Bapa Guru)

Ibu/Bapa Guru badé maos carita ngeunaan kerja bakti. Pék ku hidep bandungan sing saregep. Peupeujeuh hidep ulah malaweung.

Kerja Bakti di Jadaria

Urang lembur Jadaria sabulan sakali sok ngayakeun kerja bakti. Geus maneuh éta kagiatan téh. Biasana dina poé Ahad. Kerja bakti meresihan lingkungan sabudeur.

Jalan jeung gang dibébérés. Komo deui ari buruan mah. Runtahna dikumpulkeun terus dipiceun kana tempatna. Solokan diberesihan sangkan caina lancar. Kitu deui tatangkalan anu hieum sok ditutuhan sangkan jadi caraang. Nu barala diberesihan sangkan lelening.

Anu miluan kerja bakti téh lain kolot wungkul. Para rumaja jeung barudak ogé sok harideng sorangan. Inditna ti imah téh tara laléngoh. Pasti waé bari marawa pakakas pikeun digawé. Aya anu mawa pacul atawa singkup. Aya deuih nu mawa parang atawa arit pikeun ngababad jukut. Mun barudak lolobana sok mawa sapu nyéré.



Ayeuna ogé keur ramé kerja bakti. Apan térah datang usum ngijih. Solokan kudu dipariksa. Mun dina susukan aya nu mendet kudu gancang dibebener. Tangkal anu geus ropoh ulah diantep. Mun dahanna peunggas bisi ninggang imah. Komo mun ninggangna langsung ka jalma mah matak bahaya pisan.

Jalan anu lalegok geuwat disaeur ku barangkal. Kitu deui jalan anu sok jadi leueur mun kahujan. Saluran pamiceunan cihujan di lapang poli dipariksa. Bisi engkéna cileuncang ngeyembeng.

Ti saméméh haneut moyan ogé geus breng dimimitian. Digarawé bari suka seuri. Tara aya anu ngarasa kapaksa. Biasana mah kerja bakti téh tepi ka wanci lohor. Sakapeung mun tacan réngsé mah sok diteruskeun tepi ka wanci asar.

Loba nu mawa lalawuh keur konsumsi. Leupeut jeung goréngan dina balastrang. Goréng ulén jeung papais haraneut kénéh. Geus karuhan ari cai keur nginumna mah. Malah ayeuna mah aya anu mawa bandrék sagala.



nyaritakeun kerja bakti

Sanggeus ngabandungan carita anu diaos ku Ibu/Bapa Guru, pék ayeuna ku hidep caritakeun deui eusina. Supaya babari, carana mah bisa ngajawab pananya ieu di handap.


1. iraha urang jadaria ngayakeun kerja baktina
2. naon waé anu dipigawé dina kerja bakti téh
3. naon sababna tatangkalan anu hieum ditutuhan
4. saha waé anu sok miluan kan kerja bakti téh
5. naon waé pakakas anu sok dibawana
6. naon sababna saluran cai kudu dibebener
7. kumaha lamun dahan anu penggas ninggang
8. kudu kumaha mun aya jalan anu legok jeung leueur
9. ti tabuh sabaraha mimiti kerja baktina téh
10. naon waé konsumsi dina kerja bakti téh



niténan gunana pakakas

Pék ku hidep titénan gambar rupa-rupa pakakas nu aya di handap.





Hidep tangtu apal, naon waé gunana éta pakakas téh. Pék ayeuna terangkeun.



1. ngalengkepan kalimah ku ngaran barang

Pék ku hidep tulis ngaran pakakas dina kalimah di handap.

1. héní nyiksikan bawang maké
2. ageng nyeukeutan patlot maké

3. néngsih ngaréndos bungbu maké
4. dudi ngarapet langlayangan maké
5. mang dadan meulahan papan maké
6. bibi sumarni nyeuseuhan baju maké
7. rustono keur nyodokan runtah maké
8. édi ngajulan jambu tina tangkal maké
9. karmila meresihan kaca jandéla maké
10. ani motongan lawon bahan baju maké



miara barang
jeung mikanyaah
sasatoan katut
tatangkalan






angaregepkeun tembang

(Dicontoan ku Ibu/Bapa Guru)

Urang kudu apik dina miara barang. Komo anu hargana mahal mah. Lamun jabrah, geus tangtu éta barang téh bakal téréh ruksak. Geura pék ku hidep bandungan tembang anu badé dihaleuangkeun ku Ibu/Bapa Guru. Ieu tembang téh dina pupuh kinanti.

apik kana barang

(pupuh kinanti)



barang nu tadina alus
ba-rang nu ta-di-na a-lus
anyar pan karék dibeuli
a-nyar pan ka-rék di-beu-li
ahirna mah bakal ruksak
a-hir-na mah ba-kal ruk-sak
umurna henteu sawarsih
u-mur-na hen-teu sa-war-sih

komo mun teu dipiara
ko-mo mun teu di-pi-a-ra
dipakéna henteu apik
di-pa-ké-na hen-teu a-pik

nyatana da mémang kitu
nya-ta-na da mé-mang ki-tu
barang gedé barang leutik
ba-rang ge-dé ba-rang leu-tik
sanajan hargana mahal
sa-na-jan har-ga-na ma-hal
téréh ruksak enggeus pasti
té-réh ruk-sak eng-geus pas-ti
nu nyésa kari bangkéna
nu nyé-sa ka-ri bang-ké-na
moal payu kana duit
mo-al pa-yu ka-na du-it



lamun alus dina ngurus
la-mun a-lus di-na ngu-rus
ku urang mindeng diroris
ku u-rang min-deng di-ro-ris
umur barang bisa panjang
u-mur ba-rang bi-sa pan-jang
sanajan ngan boga hiji
sa-na-jan ngan bo-ga hi-ji
méré mangpaat ka urang
mé-ré mang-pa-at ka u-rang
bakal senang kana diri
ba-kal se-nang ka-na di-ri

komo pikeun barang batur
ko-mo pi-keun ba-rang ba-tur
nginjeum ti lanceuk ti adi
ngin-jeum ti lan-ceuk ti a-di
kudu leuwih ngariksana
ku-du leu-wih nga-rik-sa-na
sabab bakal ménta ganti
sa-bab ba-kal mén-ta gan-ti
mun ruksak lantaran urang
mun ruk-sak lan-ta-ran u-rang
atawa barangna leungit
a-ta-wa ba-rang-na leu-ngit



ngabandungan pedaran eusi tembang

(Diterangkeun ku Ibu/Bapa Guru)

Ari hidep boga barang naon waé? Tangtuna gé rupa-rupa, nya. Aya barang anu sok digunakeun dina kagiatan sakola, upamana buku, kantong, patlot, pulpén, jeung jidar. Aya barang anu dipakéna dina kaulinan, misalna bal, rékét, sapéda, jeung cocooan lianna. Anu sok dipaké sapopoé kayaning baju, calana, sapatu, topi, jeung lian-lianna.

Barang bakal awét jeung lila kapakéna lamun urangna apik. Ulah kana barang nu hargana mahal waé apik téh, nya. Kana barang anu hargana murah ogé sarua waé kudu apik. Apan sanajan murah gé angger loba gunana. Contona patlot. Enya ari hargana mah kaitung murah, tapi apan loba gunana. Pék geura lamun urang teu boga patlot, tangtu moal bisa migawé tugas ti Ibu/Bapa Guru. Enya, rék kumaha nulisna lamun patlotna mah euweuh mah. Éta cenah bisa diganti ku pulpén, tapi apan béda deui.

Anu dimaksud apik di dieu téh nyaéta apik dina makéna, apik dina ngurusna, jeung apik dina nundana. Urang ulah neundeun barang di mana waé sokna, tapi kudu dina tempatna. Lamun ditunda di mana waé, urang bisa poho. Atuh lamun arék maké téh kudu ditéangan heula.

Barang téh dipakéna kudu saluyu jeung gunana. Patlot gunana pikeun nulis. Tah ku sabab éta nya kudu digunakeun pikeun nulis. Baju paranti sakola, apan digunakeunana téh mun urang sakola. Jadi di mana geus balik ti sakola, upamana hidep rék ulin, kudu diganti ku baju séjén anu biasa paranti ulin.

Lamun baju geus kalotor, ku urang kudu gancang diseuseuh. Teu hadé lamun baju nu geus kotor tapi ku urang terus dipapaké. Kitu deui sapatu, lamun geus kotor téh kudu gancang dikumbah, terus dipoékeun. Lamun sapatu kulit, sangkan awét téh kudu disemir.

Lamun urang bener dina maké, ngurus, jeung nunda hiji barang, tangtu moal gancang ruksak atawa leungit. Lamun hiji barang ruksak atawa leungit, apan urang téh kudu meuli deui. Duitna ménta ka kolot. Tuh pan matak hambur duit.

Komo kana barang meunang nginjeum mah kudu leuwih apik. Lamun barangna ruksak ku urang, apan matak éra dina mulangkeun deui téh. Jeung ku batur ogé di mana urang butuh terus rék nginjeum deui, moal dibéré nginjeum, da kapokeun. Komo mun barang meunang nginjeum tepi ka leungit mah, ku urang kudu digantian.

Lamun urang nginjeum barang batur, kudu gancang dipulangkeun deui ka anu bogana. Ulah terus dikeukeuweuk. Dina mulangkeunana, urang kadé poho nyebut nuhun.

ngalengkepan kalimah

Sanggeus ngadéngékeun pedaran bieu ti Ibu/Bapa Guru, pék ayeuna ku hidep lengkepan kalimah nu aya di handap.

1. barang anu tadina alus ahirna mah bakal

2. lamun barang hayang awét urang kudu

3. barang anu geus ruksak moal payu kana

4. lamun apik ngurusna umur barang bisa

5. kudu leuwih apik mun nginjeum barang ti

6. lamun barang batur leungit ku urang kudu

7. urang moal dibéré deui nginjeum da batur

8. dina mulangkeun barang batur kudu nyebut

d nyusun kalimah

Ayeuna mah urang diajar nyusun kalimah. Ilikan heula contona.
Geus kitu terus ku hidep pigawé tugasna. Dipigawéna mah dina
buku tulis waé.

1. entong – kahadé – baju – kotor – maké

kahadé entong maké baju kotor

2. séhat – maké – henteu – kotor - baju

maké

3. tacan – awét – tangtu – mahal – barang

barang

4. hartina – barang – kana – hémat – apik

apik

5. batur – bébéja – kudu – maké – barang

maké

6. henteu – ngaku – batur – hadé – barang

ngaku

7. kawajiban – kana – apik – jadi – barang

apik

8. kudu – sangkan – sapatu – awét - disemir

sangkan

9. baju – maksakeun – ulah – maké – baseuh

ulah

10. dipakéna – beresih – baju – genah – matak

baju



nembangkeun pupuh kinanti

(Dicontoan ku Ibu/Bapa Guru)

Lamun tadi urang nyaritakeun kudu apik ngurus barang, tah ayeuna mah perkara nyaah ka sasatoan. Ari sasatoan téh apan sarua pada-pada mahluk Gusti Alloh. Sarua jeung urang boga rasa nyeri, sieun, atawa

atoh. Pék geura titénan mun sasatoan keur diparaban, katémbongna bangun aratoheun, najan henteu dikedalkeun dina omongan. Kitu deui lamun digebah atawa diamang-amang paneunggeul, pasti bakal sieuneun. Lamun diganggu, nya tangtu bakal ngalawan.


Sato galak ogé lamun dibageuran mah lila-lila ka urang bisa bageur, malah bisa dititah, kawas maung dina sirkeus. Komo deui sato lindeuk anu ilahar dijiara. Sasatoan gedé jasa pikeun manusa. Kuda délman upamana, apan sok diarah tanagana.

Ayeuna hayu urang tembangkeun pupuh kinanti anu eusina nyaritakeun mikanyaah sasatoan. Ku Ibu/Bapa Guru badé dicontonan heula. Engké ku hidep turutan, tepi ka bisa nembangkeunana.

mikanyaah sasatoan (pupuh kinanti)

hirup jeung papada mahluk
poma ulah hiri dengki
sanajan ka sasatoan
urang kudu welas asih
ulah nyiksa sangeunahna
da miboga rasa nyeri

sabalikna mun diurus
sato gé geus tangtu ngarti
ka jalma nu mikanyaah
pasti bakal males budi
karepna mulang tarima
ka urang sok méré hasil



Ari pupuh nu ieu mah eusina nyaritakeun kawajiban urang pikeun mikanyaah tatangkalan. Sarua tatangkalan ogé pada-pada mahluk. Ku sabab kitu kudu diurus.

Geura hayu urang tembangkeun babarengan.

1

dina lahan anu subur
tatangkalan gampang jadi
anu éndah tangkal kembang
nu jarangkung tangkal kai
méré mangpaat ka urang
hasilna bisa kapetik

2

tapi teu cukup ku kitu
tatangkalan butuh cai
angger kudu dipiara
ulah aya hama cicing
digemuk reujeung disiram
dipariksa saban wanci

3

lamun seug daunna layu
terus pugur jadi garing
geus tangtu aya sababna
najan teu gampang kapanggih
bisi eukeur loba hama
gancang ku urang diroris

4

hama hileud dina daun
komo mun henteu saeutik
éta téh jadi gangguan
tatangkalan bakal rigil
nya moal alus buahna
titénan masing taliti



ngedalkeun omongan

Patali jeung Sasatoan

Dina pupuh anu bieu ditembangkeun ditataan sawatara sasatoan. Anu ilahar dikukut upamana domba, hayam, jeung japati. Sato anu galak pikasieuneun nyaéta maung. Cing sebutkeun, di mana hidep kungsi nempo maung? Kumaha ari warna buluna? Naon ari kabeukina? Maung téh ayana misalna waé di kebon binatang. Ari warna buluna belang

coréléng, disebutna maung lodya. Aya deuih mung anu bulun total-total, disebutna maung tutul. Ari nu warna buluna hideung disebutna maung kumbang. Maung téh kabeukina daging.

Pék ayeuna ku hidep sebutkeun.

1. kumaha ari hayam jago disadana
2. kumaha ari cakcak jeung toké disadana
3. kumaha ari jangkrik disadana
4. sato naon waé anu sok diarah tanagana
5. sato naon waé anu kabeukina jukut jeung dangdaunan
6. sato naon waé anu hirupna di cai
7. sato naon waé anu tandukan
8. sato naon waé anu sok hiber

Patali jeung Tatangkalan

Tatangkalan mun seug bener ngurusna bakal ngadatangeun hasil. Aya nu diala buahna, daunna, kembangna, atawa kaina. Kadaharan urang sapopoé loba anu sumberna tina tatangkalan. Kadaharan poko kayaning sangu atawa roti apan hasil tina tatangkalan.

Pék ayeuna ku hidep terangkeun ngeunaan tatangkalan.

1. tangkal naon waé anu biasa dipelak di taman
2. tangkal naon waé anu biasa dipelak di kebon
3. tangkal naon waé nu sok diarah buahna
4. tangkal naon waé nu sok diarah beutina
5. tangkal naon waé nu sok diarah kembangna
6. tangkal naon waé nu euweuh dahanan
7. naon waé anu sok jadi hama tatangkalan
8. kadaharan naon waé anu bahanna tina bungbuahan

g maca bedas

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)



Pék ku hidep baca sing béntés.

1. lauk kancra tinggudibeg sisi balong
2. keuyeup ngaliang dina galeng sawah
3. domba jalu neunggar pager sahabekna
4. bajing luluncatan dina dahan katapang
5. japati areunteup dina luhureun pagupon

6. cangkurileung dina dahan ramé disarada
7. lutung buluna lestreng buntutna panjang
8. tanduk banténg jalu melengkung méncos
9. buhaya calawak sihungna mani ranggéténg
10. mencek ngajlengan solokan siga babarieun

nerangkeun gambar




pagupon



ranggap



korang



sentég



kurung



karangkéng

Sanggeus niténan gambar bieu, pék ku hidep terangkeun.

1. anu disebut pagupon nyaéta kandang
2. sato anu ditunda dina ranggap nyaéta
3. ari korang nyaéta paranti ngawadahan
4. ari anu disebut sentég paranti ngala
5. sato anu ditunda dina kurung nyaéta
6. sato anu ditunda dina karangkéng nyaéta




nyalin pupuh kana aksara tulis

Hidep geus diajar nembangkeun pupuh kinanti. Henteu hésé, nya. Tah ayeuna, sangkan hidep leuwih wanoh, pék salin pupuh kinanti anu aya di handap. Salin kana aksara tulis. Sing alus jeung sing bérés nulisna.

sato nu buluna rancung
sareukeut paur ngagaris
nu kitu ngaranna landak

ari nu rarancang ceuli
kana jukut kabeukina
tah nu kitu mah kelenci

tandukna panjang melengkung
sato nu disebut munding
awak gedé sarta bedas
nyobat pisan jeung patani
sok digawékeun di sawah
sakapeung narik padati



sato ngahasilkeun madu
nyiruan ngaranna pasti
caricingna dina sayang
lamun nyeureud kana kulit
matak bareuh nyanyautan
sok lila karasa nyeri





a maca bedas

Pék ku hidep baca sing jéntré.



maju ka soré murupuy hujan poyan sakeudeung
ma-ju ka so-ré mu-ru-puy hu-jan po-yan sa-keu-deung
najan geus raat ogé langit henteu katempo cangra
na-jan geus ra-at o-gé la-ngit hen-teu ka-tem-po cang-ra
barudak nuluykeun deui arulin nu tadi katunda
ba-ru-dak nu-luy-keun deu-i a-ru-lin nu ta-di ka-tun-da
aya nu maénbal jeung aya nu ulin ucing sumput
a-ya nu ma-én-bal jeung a-ya nu u-lin u-cing sum-put
tempatna di lahan kosong meunang ngararata
tem-pat-na di la-han ko-song meu-nang nga-ra-ra-ta

henteu pati lila ti harita di langit aya katumbiri
hen-teu pa-ti li-la ti ha-ri-ta di la-ngit a-ya ka-tum-bi-ri
melengkung warna warni matak resep nempona
me-leng-kung war-na war-ni ma-tak re-sep nem-pona
beureum oranyeu koneng héjo biru nila wungu
beu-reum o-ra-nyeu ko-neng hé-jo bi-ru ni-la wu-ngu

itu aya katumbiri euy ceuk barudak bangun atoh
i-tu a-ya ka-tum-bi-ri euy ceuk ba-ru-dak ba-ngun a-toh
euleuh mani alus kitu nya warnana ceuk nu séjén
eu-leuh ma-ni alus ki-tu nya war-na-na ceuk nu sé-jén
ti lebah lahan nu kosong mah katumbiri mani atra
ti le-bah la-han nu ko-song mah ka-tum-bi-ri ma-ni at-ra
melengkungna bangun nutug ka lembur peuntas
me-leng-kung-na ba-ngun nu-tug ka lem-bur peun-tas
ukur kahalangan sawah jeung kebon di tonggohna
u-kur ka-ha-lang-an sa-wah jeung ke-bon di tong-goh-na

hayu urang susul sugan waé kapanggih tempatna
ha-yu u-rang su-sul su-gan wa-é ka-pang-gih tem-pat-na
ih jauh da teuing di mana nutugna témbal nu séjén
ih ja-uh da teui-ng di ma-na nu-tug-na tém-bal nu sé-jén
katumbiri téh jiga deukeut padahal di langit ayana
ka-tum-bi-ri téh ji-ga deu-keut pa-da-hal di la-ngit a-ya-na



ngabandungan pedaran kajadian alam

(Diterangkeun ku Ibu/Bapa Guru)

Saha anu kungsi nempo katumbiri? Pastina gé kungsi, nya. Lain hal anu anéh katumbiri téh. Di langit melengkung warna-warni. Kabéhna téh aya tujuh rupa, nyaéta beureum, oranyeu, koneng, héjo, biru, nila, jeung wungu.

Katumbiri témbong di langit lamun aya hujan poyan. Hidep apal nu dimaksud hujan poyan? Hujan poyan téh nyaéta ongkoh hujan, tapi angger aya cahaya panonpoé. Tah ayana katumbiri téh lantaran cai hujan anu kasorot ku cahaya panonpoé.

Témbongna katumbiri téh tara lila. Lamun hujanna geus euweuh mah, katumbirina ogé leungit. Jadi saenyana katumbiri téh teu ngawujud barang, da éta mah beunang disebutkeun ukur kalangkang cai hujan.

Urang anu cicing di ieu dunya sok ngarasa jeung nyaksian rupa-rupa kajadian alam. Geura urang pedar sawatarana.

1. Isuk-isuk panonpoé mucunghul ti beulah wétan, dunya jadi caang. Di lemah cai urang mah caang téh kurang leuwih salila dua welas jam.
2. Panonpoé tilem di beulah kulon, dunya jadi poék, nyaéta nu disebut datangna peuting. Ieu gé sarua kurang leuwih dua welas jam. Dina wanci peuting urang sok reureuh, sangkan isukna karasa seger.
3. Aya usum halodo, jeung aya usum hujan. Lamun keur usum halodo, loba tempat anu hésé cai. Sok aya kahuruan deuih lamun keur usum halodo téh. Anu matak hidep ulah sok nyoo seuneu. Sumur, balong, jeung walungan loba nu saat. Sabalikna ari keur dina usum hujan mah sumur, balong, jeung walungan téh parinuh deui ku cai. Tapi usum hujan téh bisa nyababkeun caah deuih.



Imah jeung wawangunan lianna kakeueum. Kitu deui jalan tepi ka kendaraan teu barisa maju.

4. Turunna hujan ogé rupa-rupa. Aya hujan ngegbrét dibarung ku dor-dar gelap. Aya anu dibarung ku tarikna angin, disebutna hujan angin. Aya nu disebut hujan poyan. Lamun hujanna henteu gedé disebut hujan miripis atawa girimis. Tah, mun hujan murupuy mah leuwih leutik ti girimis.
5. Lamun taneuh karasa ngarieg éta téh aya lini. Lamun linina gedé sakapeung bisa nyababkeun wawangunan runtuh. Éta téh sok nimbulkeun korban. Datangna lini téh sakapeung lantaran aya gunung bitu.
6. Lamun pabeubeurang dina keur panas poé ngadadak jadi poék éta téh lantaran aya samagaha. Henteu ngan beurang wungkul samagaha téh, da dina keur caang bulan gé sakapeung sok aya samagaha.

Loba kénéh peristiwa alam lianna. Pék geura ku hidep tanyakeun ka ibu, ka bapa, atawa ka lanceuk, terus catetkeun. Upamana waé naon anu disebut ombak, caah, urug, petir, tengah poé, wanci sareupna, gunung bitu, atawa angin puyuh.

ngedalkeun omongan nu patali jeung peristiwa alam (Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Pék ku hidep terangkeun.

1. lamun langit ceudeum biasana bakal aya naon
2. naon anu karasa ku hidep mun keur usum halodo

3. kumaha kaayaan lamun keur hujan angin
4. naon anu karasa ku hidep lamun keur aya lini
5. kumaha karasana dina wanci tengah poé
6. kumaha karasana mun aya angin ngahiliwir
7. naon anu karasa ku hidep lamun aya samagaha
8. ari keur aya hujan sakapeung sok kadéngé sora naon
9. di mana témpatna anu biasa sok aya ombak
10. naon anu ku hidep katempo mun keur aya angin puyuh
11. naon anu nyababkeun langlayangan bisa ngapung
12. lamun dilétak kumaha ari rasana cai laut
13. kumaha ari kaayaan panonpoé dina wanci magrib
14. lamun peuting naon anu sok caang di langit
15. bakal kumaha lamun panonpoé kahalangan méga

d maca dina jero haté

Pék ku hidep baca dina jero haté. Sing tepi ka kaharti naon maksudna. Peupeujeuh macana ulah bari garandéng, nya.

robahna alam

langit di beulah wétan mimiti katempo hibar
la-ngit di beu-lah wé-tan mi-mi-ti ka-tem-po hi-bar
panonpoé téreh mucunghul tina sela gunung
pa-non-po-é té-réh mu-cung-hul ti-na se-la gu-nung
dipapag ku raména sora manuk dina dahan
di-pa-pag ku ra-mé-na so-ra ma-nuk di-na da-han
ramé patémbalan tambah éndah pamandangan
ra-mé pa-tém-bal-an tam-bah én-dah pa-man-dang-an

segerna hawa karasa matak genah kana bayah
se-gerna ha-wa ka-ra-sa ma-tak ge-nah ka-na ba-yah
séhat kana badan jadi kakuatan pikeun urang
sé-hat ka-na ba-dan ja-di ka-ku-at-an pi-keun u-rang
héjona tatangkalan éndahna pamandangan
hé-jo-na ta-tang-kal-an én-dah-na pa-man-dang-an

suburna lahan jeung hérangna cai walungan
su-bur-na la-han jeung hé-rang-na ca-i wa-lu-ngan
hanjakal jaman kiwari mah geus loba nu robah
han-ja-kal ja-man ki-wa-ri mah geus lo-ba nu ro-bah

manuk langka kadéngé récét dina tatangkalan
ma-nuk lang-ka ka-dé-ngé ré-cét di-na ta-tang-kal-an
sabab geus méh tumpur ku kalakuan manusa
sa-bab geus méh tum-pur ku ka-la-ku-an ma-nu-sa

hawa matak eungap sabab kekebul mani rabeng
ha-wa ma-tak eu-ngap sa-bab ke-ke-bul ma-ni ra-beng
jaba deuih remen kaambeu bau matak puyeng
ja-ba deui-h re-men ka-am-beu ba-u ma-tak pu-yeng
cai di walungan geus henteu hérang ngagenyas
ca-i di wa-lu-ngan geus hen-teu hé-rang nga-ge-nyas
lecek jeung matak arateul lamun urang ancrub
le-cek jeung ma-tak a-ra-teul la-mun u-rang an-crub
runtah jeung kokotor ngahunyud ditapuk laleur
run-tah jeung ko-ko-tor nga-hu-nyud di-ta-puk la-leur
jadi sumber kasakit nyababkeun urang geringan
ja-di sum-ber ka-sa-kit nya-bab-keun u-rang ge-ring-an
karuksakan lingkungan kudu gancang dioméan
ka-ruk-sak-an ling-kung-an ku-du gan-cang di-o-mé-an
mémérésna jadi tanggung jawab urang saréréa
mé-mé-rés-na ja-di tang-gung ja-wab u-rang sa-ré-ré-a

mun alam diantep sina ruksak tangtu bakal rugi
mun a-lam di-an-tep si-na ruk-sak tang-tu ba-kal ru-gi
hirup jadi sangsara manjang tepi ka mangsa jaga
hi-rup ja-di sang-sa-ra man-jang te-pi ka mang-sa ja-ga
moal aya sumber kahirupan anu méré mangpaat
mo-al a-ya sum-ber ka-hi-rup-an a-nu mé-ré mang-pa-at
anu matak hayu urang ayeuna ngucap *bismillah*
a-nu ma-tak ha-yu u-rang a-yeu-na ngu-cap bis-mil-lah



engalengkepan kalimah

Pék lengkepan kalimah di handap saluyu jeung eusi bacaan.

1. panonpoé téréh bijil langit katempo
2. panonpoé mucunghul dipapag ku sora
3. nyeuseup hawa seger matak genah kana
4. jaman kiwari kaayaan alam téh geus loba
5. walungan geus teu ngagenyas hérang tapi
6. runtah jeung kokotor nu ngahunyud ditapuk
7. mémérés alam lingkungan jadi tanggung jawab
8. mun lingkungan alam ruksak urang saréréa
bakal
9. hirup urang bakal sangsara manjang tepi ka
mangsa
10. sumber kahirupan anu nyésa ka urang
moal méré



nyusun kalimah

Pék ku hidep susun jadi hiji kalimah.

1. jareblog – dina – buruan – hujan - usum
dina
2. hujan – bayeungyang – arék – hawa – lantaran
hawa
3. rubuh – puyuh – anténeu – angin – nyababkeun
angin
4. karang – laut – neumbagan – ngajelegur – ombak
ombak
5. matak – sora – katorékan – tingjelegér – gelap
sora

ngagalantangkeun kalimah

Pék ku hidep galantangkeun kalimah nu aya di handap.

1. ayana peristiwa alam téh bagian tina sunatulloh
2. anu matak hayu urang ayeuna ngucap bismillah
3. mun manggih kabungah kudu nyebut
alhamdulillah
4. sémah keketrok terus ngucapkeun
assalamualaikum

5. mun ngadéngé sora gelap
pék ucapkeun subhanalloh
6. lamun urang jangji
kudu ditungtungan ku insa alloh
7. takbir dina solat téh
nyaéta ngucapkeun allohu akbar
8. mun urang manggih kareuwas
ucapkeun astagpirulloh
9. kalayan nyebat asma alloh nu maha welas
tur maha asih
10. kangjeng rosululloh jadi tuladan
pikeun umat manusa

ngapalkeun kaayaan

Pék ku hidep baca terus apalkeun

1. imah ngagebru
waktu lahan urug loba imah ngagebru
2. hujan ngagebrét
ari keur hujan ngagebrét ulah bijil ti imah
3. seuneu ngabebela
seuneu ngabebela katémbongna matak paur
4. angin ngagelebug
di tengah pasawahan karasa angin ngagelebug

5. cai ngagulidag
cai ngagulidag kénéh sanajan usum halodo
6. ombak ngajelegur
ombak ngajelegur terus muncrat ka sisi basisir
7. taneuh ngarieg
tah tangtuna aya lini da karasa taneuh ngarieg
8. curug ngaguruh
ti kajauhan geus kadéngé sora curug ngaguruh
9. gelap ngajelegér
gelap ngajelegér tarik pisan matak katorékan
10. kilat ngabaranyay
kilat ngabaranyay nyaangan poékna langit



metakeun paguneman

(Dituyun ku Ibu/Bapa Guru)

Pék ku hidep gunemkeun di hareupeun kelas.

ahmad : kamari teu tulus latihan pramuka téh
galih : enya apan hujan sakitu gedéna
hérlin : lapangna gé tangtu kakeueum atuh
galih : biasana mah lantaran solokan sok limpas
wening : apan ti heula gé kakeueumna rada lila
ahmad : enggeusna téh mani jareblog da loba
leutak

galih : padahal mah latihan pramuka téh ulah di dinya
wening : ari enggeus rék di mana deui
galih : di hareupeun kantor kacamatan nu genah mah
hérlin : ih jauh atuh di dinya mah
wening : balikna téh jigana bakal kaburitan
ahmad : atuh latihan pramukana dipajukeun ulah bada asar
hérlin : kagok ari méméh asar mah
wening : jaba deuih apan kudu mantuan heula ibu



nembangkeun pupuh

(Diconloan ku Ibu/Bapa Guru)

Dina pangajaran anu geus kaliwat, hidep kungsi diajar pupuh kinanti. Geuning anu eusina téh nyaritakeun kudu apik kana barang jeung kudu mikanyaah papada mahluk.

Ayeuna urang babarengan nembangkeun pupuh kinanti, ngan eusina nyaritakeun pangajaran basa Sunda di kelas hiji téh geus réngsé. Engké bakal disambung deui sanggeus hidep naék ka kelas dua.

Geura hayu urang tembangkeun babarengan. Regepkeun heula contona ti Ibu/Bapa Guru.

Pupuh Kinanti

Enggeus tamat ieu buku,
pangajaran kelas hiji,
saméméh ka kelas dua,
pikeun nambahan pangarti,
pangaweruh basa Sunda,
engké urang sambung deui.

Di kelas hiji sataun,
ti mimiti bulan Juli,
kiwari naékkeun kelas,
dibagi rapot geus pasti,
muga aralus angkana,
ulah aya peunteun leutik.

Kelas dua leuwih luhur,
pangajaran leuwih sulit,
hidep ulah lalawora,
kudu getol tambah rajin,
ngapalkeun ulah kaliwat,
sangkan diajar babari.

Daptar Pustaka

- danabrata, r.a. 2009. *kamus basa sunda*. bandung: kiblata.
- hadi, spk, ahmad. 2011. *peperenian*. bandung: geger sunten.
- lbss. 2007. *kamus umum basa sunda*. bandung: geger sunten.
- supriatna, nana. tt. *lagu wajib nasional & lagu sunda perjuangan cinta tanah air*. cianjur: seksi kebudayaan kandeptdiknas kabupaten cianjur.
- tim panyusun. 1983. *kawih sunda untuk sekolah lanjutan*.bandung: pusataka dasentra.
- wibisana, spk. wahyu 2000. *lima abad sastra sunda*. bandung: gegersunten.

[illegible]